**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қол жазба ҳуқықында**
**УДК:**

**ДӘЎЛЕТОВ БАХТИЯР**

# Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметин шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары

**5А240101 – Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў (конституциялық ҳуқық; ҳәкимшилик ҳуқық ҳәм финанс ҳуқықы; мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматы)**

**Магистр академиялық дәрежесин алыў алыў ушын жазылған**

## ДИССЕРТАЦИЯ

МАК да жақлаўға рухсат
Магистратура бөлими баслығы

___________доц. А.Б.Гулимов

**Илимий басшы:** ю.и.к. доц., З.А.Реймова
**Кафедра баслығы ў.ў.а.** ю.и.к.доц., И.Матжанов

**Нөкис -2015**

## М А З М У Н Ы

**Кирисиў……………………………………………………………..3-9**

**I-Бап. Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиў тәртиби ҳәм ҳуқықый статусы.........................................................................................10-24**

1.1. Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиўи ҳәм усы бағдарда әмелге асырылып атырған реформалар.........................................................................................10-15

1.2. Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ҳуқықый статусы........................................................15-24

**II-Бап. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириўде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары.............................................................25-64**

2.1. Пуқаралар жыйынлары хызметиниң бағдарлары бойынша комиссиялар жумысын шөлкемлестириў............................................25-48

2.2. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының өз ўазыйпаларын әмелге асырыўда мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жәмийетлик шөлкемлер менен социаллық шериклик қатнасықларының әҳмийети.........................................................................................48-57

2.3. Пуқаралар жыйынының мәмлекетлик басқарыў уйымлары хызмети үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыў ўазыйпалары........57-64

**III-Бап. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары сайлаўларын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары...................................65-77**

3.1.Жаңа редакциядағы Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында” ғы нызамды раўажландырыўдағы жаңа басқыш……………………65-72

3.2.Өзбекистан Республикаси пуқараларының пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўда қатнасыў ҳуқықы…………………………………………………………72-77

**Жуўмақлаў.........................................................................................78-81**

**Пайдаланылған әдебиятлар…………………………………… 82-89**

# Кирисиў

**Теманың актуаллығы**. Мәлим болғанындай жәмийетлик турмыстың барлық машқалаларында орайдан турып шешиў мүмкин емес, себеби бул мәселелер жүдә беккем ҳәм мазмуны жағынан ҳәр түрли. Жергиликли әҳмийетке тийисли мәселелерди шешиў орайдан жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымларына өткизиў басқарыў сапалығын асырыўдың зәрүр қуралы болып саналады. «Күшли мәмлекеттен-күшли пуқаралық жәмийетке» концепциясының тийкарғы мазмун манисиде соннан ибарат.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында: Ҳәзирги пайытта елимиз халқының сиясий-ҳуқықый мәденияты ҳәм жәмийетлик санасы дәрежесиниң өсип барыўы, жәмийетти демократияластырыў ҳәм либералластырыў процесслериниң жедел раўажланыўы, елимизде көп партиялылық системасының барған сайын беккемлениўи Мәмлекет басшысы болған Президент, нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлар ортасындағы ўәкилликлердиң және де теңдей бөлистирилиўин тәмийинлеў ушын зәрүр шараятларды жүзеге шығармақта-дейди[1].

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметин шөлкемлестириў мәселелери мәмлекетимиз сиясатының ажралмас қурамалы бөлими болып есапланыўы тосыннан емес. Өзбекистан Республикасы ғәрезсизликке, ал Қарақалпақстан Республикасы суверенитетке ерискеннен соң пуқаралардың өзин-өзи басқарыў

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

уйымларын раўажландырыў, олардың роли, ўәкилликлери ҳәм тәсирин күшейтириў ушын зәрүр болған ҳуқықый тийкарлар ҳәм кепилликлер системасын пайда етти.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң айтқанындай парламент пуқаралық жәмийети институтларын раўажландырыўда қабыл еткен оған жақын нызамшылық ҳүжжетлери, соннан “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызамның жаңа редакциясы, “Социаллық шериклик ҳаққында”ғы нызам ҳәм басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер мәмлекетимизди социаллық-экономикалық раўажландырыў, пуқаралардың жәмийетлик белсендилигин асырыў, жәмийетимизде мәплердиң тең салмақлығын тәмийинлеў сыяқлы әҳмийетли ўазыйпаларды шешиўде пуқаралық институтларының роли ҳәм әҳмийетин жәнеде күшейтирди[1].

Бул илимий изертлеў жумыста бүгинги социаллық-сиясий турмысымыздың ең әҳмийетли мәселелериниң бири - Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўдағы туткан орны ҳәм әҳмийети. Онда бириншиден, Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жумысының принциплери ҳәм бул уйымның ўәкилликлериниң ҳуқықый тийкарлары ҳаққында өзиниң илимий көз-қарасын билдирген болса; екиншиден, ҳәзирги заманда бул уйымларда жүз берген реформалардың жумысын муўапықластырыў тәртиби, пуқаралар жыйынының мәмлекетлик басқарыў уйымлары хызмети үстинен жәмийетлик қадағалаўды алып барыў системасындағы ўазыйпалары; пуқаралар жыйынлары аймағындағы комиссиялар хызметиниң жумысларындағы мәселелери ҳәм олардың пуқаралық

[1] И.Каримов «Ўзбекистон Республикасы Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузa. 2015 йил 23 январь. Т.: “Ўзбекистон”, Б.7.

жәмийеттиң басқа институтлары менен социаллық шериклик қатнасықлары ҳаққындағы мәселелери бойынша кең сөз жүритиледи.

Соның менен бирге миллий нызамшылық системасында пуқаралар жыйыны ҳәм оның қурамындағы комиссияларының ўәкилликлери, муўапықластырыў кеңесин дүзиў тәртибиниң механизми анық етип белгиленбеген, юридикалық шахс болып есапланған пуқаралар жыйынының ғалабалық ҳуқықтағы орны илимий жақтан толық үйренилмеген. Бул болса өз гезегинде өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын шөлкемлестириўде бир қанша машқалаларды келтирип шығармақта. Мине усы мәселелер диссертация темасының актуаллығын белгилейди.

Диссертацияда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары институты хызметиниң шөлкемлестириўшиликтиң ҳуқықый тийкарларын изерлеў, талықлаў, буның тийкарында болса пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы билимлерди тереңлестириўге көмеклесиўши жаңа усынысларды ислеп шығыўы лазым.

**Изертлеўдиң объекти ҳәм предмети**. Изертлеўдиң объектин төмендегилер қурайды: Диссертацияның объекти Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары менен байланыслы сиясий-ҳуқықый мәселелери болып есапланады. Диссертация предмети сыпатында пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының тийкарғы принциплери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў хызметиниң ҳуқықый базасын үйрениў, шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын талықлаў сыяқлы мәселелер қаралған.

**Изертлеўдиң мақсети ҳәм ўазыйпалары**. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының хызметин шөлкемлестириўдиң хуқықый тийкарларын талықлаў; олардың хызметине тийисли қатнасықларды базар экономикасына өтиў принциплерин қоллаў тийкарында талықлаўда

усыныслар ҳәм жуўмақларды ислеп шығыўдан ибарат.

Магистрлик диссертацияның баян етилген мақсетине сай дәрежеде оның төмендеги **ўазыйпалары** белгиленген;

• пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хаққындағы нызамшылықта келип шыққан мәселелерди шешиў ҳәм оларды үйрениў;

• пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм олар жанындағы комиссиялар сапалы хызмет көрсетиўи ушын зәрүр болған баслы бағдар ҳәм шараятларды анықлаў;

• мәмлекетлик басқарыў уйымлары хызмети үстинен пуқаралар жыйыны тәрепинен жәмийетлик қадағалаўдағы алып баратуғын ўазыйпаларын анықлаў;

• пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары пуқаралық жәмийиеттиң басқа институтлары менен социаллық шериклик қатнасықларын анықлаў;

• пуқаралар жыйыны уйымлары хызметиниң функционал талықланыўы нәтийжесинде машқалалар шешимиин, пуқаралар жыйынының сапалы хызмет көрсетиўи ушын мәмлекетлик кепилликлерди күшейтириў бойынша усыныслар ислеп шығыў.

**Диссертацияның илимий жаңалығы.** Диссертацияның илимий жаңалығы соннан ибарат, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметин шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары, соннан пуқаралар жыйыны комиссияларының шөлкемлестириўшилик жумыслары, олардың ҳуқықый статусы толық үйренилмеген. Бул илимий жумыста пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметин шөлкемлестириўдиң мәселелери додаланған.

**Машқаланың үйренилгенлик дәрежеси**. Изертлеў жумысының теориялық-методологиялық ҳәм концептуаллық тәреплери Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов мийнетлеринде ҳәр тәреплеме ҳәм системалы жарытып берилген.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметине тийисли

катнасықлар менен байланыслы мәселелер А.Азизхўжаев, О.Ҳусанов, С.Одилхўжаева, Ш.Жалилов, С.Султонов, К.Комилов, А.Саидов, М.Бойдадаев, Д.Аҳмедов, Г.Исмаилова, М.Сувонқулов, Е.Д.Кутыбаева, С.Д.Ниетуллаев, З.Реймова, М.Ғуломов, Я.Олламов сыяқлы ҳәм басқа алымлар тәрепинен алып барылған илмий изленислеринде белгили дәрежеде үйренилген[1]. Бирақ, соның менен бирге, мәмлекетимизде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары, форма ҳәм методлары илимий көз-қарастан жетерли дәрежеде үйренилмегенлигин атап өтиў лазым.

**Изертлеўдиң методлары**. Изертлеўди әмелге асырыўда системалылық, машқалалы-мақсетли, салыстырмалы-ҳуқықый, әмелият нәтийжелерин улыўмаластырып илимий билиўдиң басқа усылларынан пайдаланылды.

Изертлеўдиң теориялық тийкарларын Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў ҳәм пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары және пуқаралардың ҳуқықый мәдениятын жетилистириўге тийисли пикирлери, көрсетпелери, пәрманлары, соның менен бирге усы диссертацияның ҳәр қыйлы тәреплери бойынша

---

[1] Азизхўжаев А.А. Теоретические проблемы правоохранительной деятельности представительных органов государственной власти: Автореф. дис, ... д-ра. юрид, наук. -Ташкент: ИФиП АН Республики Ўзбекистан, 1992. - 41с.; Азизхўжаев А.А. Давлатчилик ва маънавият. - Тошкент: Шарк, 1997. - 112 б.;. Бойдадаев М. Ўзбекистон Республикасида давлат бошқаруви тизими, шаклланиши ва ривожланишининг ҳуқуқий асослари. - Тошкент.: Академия, 1999. - 174 б.; Жалилов Ш.И. Давлат ҳокимияти маҳаллий органлари ислоҳоти: тажриба ва муаммолар . - Тошкент.: Ўзбекистон, 1994. - 192 б.; Маҳалла: ўзини ўзи бошқариш ҳуқуқий кафолати. - Тошкент: 1999. - 320 б.; Кучли давлатдан - кучли жамият сари: тажриба, таҳлил, амалиёт. - Тошкент: Ўзбекистон 2001. - 160 б.; Ҳусанов О.Т. Мустақиллик ва маҳаллий ҳокимият. - Т: Шарқ, 1996. - 160 б.; Ўзбекистон Республикаси давлат органлари. - Т.: Шарқ. 1996. - 92 б.; Аҳмедов Д.Қ. Бозор муносабатлари шароитида давлат ижтимоий ҳимоя сиёсатининг ҳуқуқий жиҳатлари. Тошкент: ТДЮИ. - 209 б. 2007. Исмаилова Г.С. Ўзбекистон Республикасида фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятининг ташкшшй ҳуқуқий муаммолари: Юрид. фан. номз. ... дис. автореф. Тошкент, 2005. - 25 б.; Сувонкулов М Ўзбекистон Республикасида фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятининг назарий-ҳуқуқий масалалари: Юрид. фан, номз. ... дис. автореф. Тошкент, 2002. - 22 б.; Е.Д.Кутыбаева, З.А.Реймова Қорақалпоғистон Республикасида фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органларининг шаклланиши ва ривожланиши, (Монография), Н.: “Билим”101 б.; З.Реймова. Корақалпоғистон Республикасида фуқаролар ўзини ўзи бошқариш органларининг ҳуқуқий мақоми: Юрид. фан. номз. ... дис. автореф. Тошкент, 2004. - 21 б.; Е.Д.Кутыбаева, З.А.Реймова М.Адилова, Б.Дауменов, Қ.Низаматдинов “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийетлик қадағалаў системасында тутқан орны”(оқыў қолланба), Н.: “Қарақалпақстан”86 б.; М.Гуломов. Маҳалла - фуқаролик жамиятининг асоси. Тошкент: Адолат, 2003. - 303 б; Я.Олламов “Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариши халқ ҳокимиятчилигининг асоси, т.: “Шарқ” 2011 йил 284 б.

изленислер алып барып атырған мәмлекетимиз ҳәм сырт елли алымлардың мийнетлери қурайды.

**Изертлеў нәтийжелериниң теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.**

Изертлеў жумысында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыўдағы оның шексиз әҳмийети илимий ҳәм теориялық жақтан тийкарланады.

Изертлеў нәтийжесинде көрсетилген жуўмақ ҳәм усыныслар айрым тармақ нызамларын жетилистириў барысында, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметин шөлкемлестириўдеги ҳуқықый статусын жәнеде асырыўда пайда бериўи мүмкин.

Изертлеў нәтийжелеринен конституциялық ҳуқық, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметин шөлкемлестириў оқыў курсы бойынша өткизидетуғын сабақларда, сондай-ақ өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметкерлериниң қәнигелигин асырыўда пайдаланыў мақсетке муўапық.

**Магистрлик диссертацияның дүзилиси ҳәм көлеми**. Диссертация кирисиў, бес параграфты өз ишине алған үш бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

Диссертацияның биринши бабы Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиў тәртиби ҳәм ҳуқықый статусы мәселелерине арналған. Бул бапта усы уйымлардың дүзилиўи ҳәм усы бағдарда әмелге асырылып атырған реформалар ҳәм олардың ҳуқықый статусы ҳаққында үйрениледи.

Диссертацияның екинши бабы мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнe де тереңлестириўде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарларына арналған. Бул бапта пуқаралар жыйынлары хызметиниң бағдарлары бойынша комиссиялар жумысын шөлкемлестириў мәселелери ҳәм олардың ўазыйпаларын әмелге асырыўда мәмлекетлик басқарыў

уйымлары, жәмийетлик шөлкемлер менен социаллық шериклик қатнасықларының мәселелерине бағышланған. Соның менен бирге, бул бапта пуқаралар жыйынларының жәмийетлик қадағалаўдағы әмелге асырыўдағы орны анализленген.

Диссертацияның үшинши бабы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары сайлаўларын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары мәселелери үйрениледи.

Диссертацияның жуўмақлаў бөлиминде мәмлекетимизде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметиниң шөлкемлестириўшилик мәселелериниң тутқан орны ҳәм әҳмийетин ҳуқықый жақтан талықлаў, илимий жумыстың алдына қойған ўазыйпаларын шешиў нәтийжесинде усы тараўдағы искерликти тәртипке салыўға қаратылған норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерге бир қатар өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў бойынша усыныслар берилди.

# І-Бап. Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиў тәртиби ҳәм ҳуқықый статусы

## 1.1. Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиўи ҳәм усы бағдарда әмелге асырылып атырған реформалар

Өзбекистан Республикасы ғарезсизликке ерискеннен сон, хуқықый демократиялық мәмлекет, жоқары раўажланған пуқаралық жәмийетти қурыўды өз алдына ўазыйпа етип қойды. Елимиздин раўажланыўы бүгинги күнде мәмлекетти басқарыўда ҳәмде демократиялық реформаларды әмелге асырыўда пуқаралардың белсене қатнасыўы менен байланыслы.

Ғәрезсиз Өзбекистан ҳәм суверенли Қарақалпақстанның жаңа конституцияларының қабылланыўы менен еллеримиздиң сиясий өмирине орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимияттың тийкарларынан есапланатуғын пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары кирип келди.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары термини, түсиниги Өзбекистан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының юридика илиминде, биринщисиниң, ғәрезсизликке, екиншисиниң суверенликке ерисиўиниң нәтийжесинде дүньяға келди. Бирақ өмир кеше басланғаны жоқ. мәмлекет, жәмийет бар екен, оларда өмир даўам етер екен, пуқаралар түрлише турмыс кеширип келди. Узақ ҳәм жақын (ғәрезсизликке шекемги) өтмишимизге нәзер салатуғын болсақ бурын аўыллық, поселкалық кеңеслер деп аталып, оларда мәмлекетлик аппараттың бир бөлеги болды ҳәм жәмийетти басқарды.

Бул мәселелерге тарийхый өткен ҳәм бүгинги заман басқышынан нәзер салсақ пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ямаса мәҳәлле тарийхы аз үйренилген. Бирақ солай болсада мәҳәллелер ҳаққында азда болса айырым тарийхый дереклерге ийемиз. Орта Азияда, соның ишинде ҳәзирги Қарақалпақстан территориясында мың жыллар өмир сүрген бәрше киши-үлкен аймақларда барлық әҳмийетли мәселелерди ақсақаллар

шешкен. Олардың қатарында салықларды жыйнаў, тәртип-тәрбия, жәмийетлик ислерге бағдарлаўларда болған. Мәҳәлле сөзи бизге араб тилинен келген. Ол маҳаллатун « - яғный орын, жай сөзинен алынған. Адамлар арасында келип шыққан тартысларды маҳаллениң өзинде шешкен, әҳмийетли. Мәҳәлле әўелден жергиликли ҳәкимияттың өзине мүнәсип бир формасы, көриниси сыпатында ҳәрекетте болған. Мәҳәллени басқарыў жәмәәтлик тийкарларында алып барылып, өзиниң тәртип қағыйдаларына ийе болған. Мәҳәлле халқы бул қағыйдаларға бойсынған, бағынған. Мәҳәлле ақсақалының ҳәм жәмәәтшиликтиң пикири шешиўши әҳмийетке ийе болған[1]. Мәҳәлле өз аймағындағы үй-жайлардың, мүлклердиң алды-сатты ислеринде тийикелей араласа алған. Мәселен, сатылатуғын үй-жайәдетте алды менен төрт жақын қоңсыға, олар алмаған жағдайда, мәҳәлле адамларына қоңсы-қобаларға сатылған. Аўқамлас мәмлекет дәўиринде ҳәкимшилик буйрықпазлыққа тийкарланған дүзим мәҳәллелердиң ҳәрекетине, хызметине қысым етиў сиясатын алып барды.

Өзбекистан, соның ишинде Қарақалпақстан ғәрезсизликке ерсиўдиң дәслепки күнлеринен-ақ ғәрезсизлик идеологиясы ҳәм улыўма дүнья жәмийетшилиги тән алған демократиялық прицниплерге тийкарланған өзиниң мәмлекетлик қурылыс моделин қәлиплестириўге шынтлап кристи.

Өзбекистан Республикасы Конституциясының 1992-жылы 8-декабрде қабыл етилиўи мәмлекет турмысындағы үлкен сиясий ҳәм тарийхый ўақыя болды. Онда XVII-бабы (70-75-статьялары) Қарақалпақстан Республикасының ҳуқықый статусына бағышланған. 1993-жылдың 9-апрелинде суверенли Қарақалпақстан Республикасының жаңа Конституциясы жарық көрди. Солай етип. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўде, басқарыў ҳәм мәмлекетлик дүзилис түрлерине инсан ҳәм пуқараның ҳуқықлары,

---

[1] Миракулов М., Хамидова К. Фуқаролар ўзини ўзибошқариш органлари фаолияти хукуқий асосларини такомиллашуви. // Фуқаролик жамияти-2008.N4.

еркинлиги ҳәм миннетлерине байланыслы болған жәмийетлик ҳәм ҳуқықый қатнасықларды тәртиплестириўге кең жол ашып берди. Қарақалпақстан Конституциясының бесинши тараўы республикада мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўге арналған. Усы тараўдың XXI-бабы орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимияттың тийкарларына бағышланған болып оның 99-статьясында «поселкалар, аўылларда, сондай-ақ қалалардың мәкан кеңеслеринде баслықты (ақсақалды) ҳәм оның кеңесгөйлерин 2,5 жылға сайлайтуғын пуқаралар жыйынлары жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымлары болып табылады» - делинген.[1] Жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымларын сайлаў тәртиби олардың жумысын шөлкемлестириў ҳәм ўәкилликлериниң көлеми нызам менен тәртиплестиреди деп тасыйықланды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарға Советиниң XXI-шақырық 14-сессиясында (24-декабрь, 1993-жыл) «Пуқарлардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ға Қарақалпақстан Республикасы нызамы қабылланды. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы нызамы жәрияланған күннен баслап өз күшине енгизилди. Нызамға муўапық өзин-өзи басқарыў уйымлары пуқараларға жәмийеттиң ҳәм мәмлекеттиң ислерин басқарыўға қатнасыў ҳуқықый әмелге асырыўға жәрдемлеседи, өз аймағында социаллық ҳәм мәдений ўазыйпаларды шешиў, ғалаба-халықлық мәдений илажларын жүргизиў, нызамларды Өзбекистан Республикасы Президентиниң пәрманларын, ҳүкимет шешимлерин, Қарақалпақстан Республикасы нызамларын, Жоқары Кеңес ҳәм оның Президиумының қарарларын ҳәм бийликлерин Қарақалпақстан ҳүкиметиниң, халық депутатлары кеңеслериниң ҳәм ҳәкимлериниң шешимлерин орынлаўда мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларына жәрдемлесиў мақсетинде оларды бирлестиреди.

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы. –Н: «Қарақалпақстан» 2014, 35б.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары юридикалық тәреп сыпатында ҳуқықлардан пайдаланады ҳәм белгили үлгидеги мөрге ийе болады – делинген бул нызамда. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары аймақлық принципте дүзледи. Мәкан кеңеслериниң өзин-өзи баскарыў уйымларының  ҳәрекет ететуғын аймақларын пуқаралардың усыысы бойынша районың каланын ҳәкими белгилейди, оның қабыл еткен шешимин соңынан тийисли халық депутатларының кеңеси тастыйықлайды. Бизиң нәзеримизде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы Қаракалпақстан Республикасының (1993-жыл, 24-декабрь) нызамының нормаларында көбирек шөлкемлестириў мәселелери шешилген еди.

1999-жылдың 28-августинде Жоқары Кеңестиң биринши шақырық XXIV-сессиясында «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Қарақалпақстан Республикасы Нызамы қабыл етилди. Бул нызам алдыңға нызамнан өзиниң заман талапларына жуўап бериў принципиаллығы менен бир қанша артықмашылықларға ийе. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы Қарақалпақстан Республикасы (жаңа редакциядағы) нызамында[1] пуқаралардың өзин-өзи басқарыўға түсиник береди, олардың ҳуқықын анықлайды, жумысларының тийкарғы принциплерин белгилейди демоакратизм, жәриялылық, социалллық, әдиллик, адамгершилик, жәмийеттеги әҳмийетли мәселелерди шешиўде ғәрезсизлик  жәмийетлик тийкарда өз-ара жәрдем. пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, бир сөз бенен айтқанда, мәҳәллелер жоқарыда аты аталған нызамда өзиниң ықшам ҳәм түсиникли сәўлесин тапқан.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2000 жыл 2 июньдеги Парманына тийкарланып таярланған “XXI әсир мәҳәллеси” концепциясы.

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы.  2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

Усы концепцияның теориялық тийкарын мәмлекетимизге пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў процесслерин еркинлестириў сиясатын белгилеп береди. Яғный оған муўапық: биринshiден: пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының ҳуқықый тийкарларын беккемлеў бойынша тәдбирлерди әмелге асырыў белгиленди; екиншиден: пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ушын кадрлар таярлаў, усы уйымлардың лаўазымлы шахслары ҳәм хызметкерлердиң ҳуқықый, экономикалық ҳәм мәнәўий билимлерин жетилистириў; үшиншиден: пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымларының экономикалық жақтан тәмийинлениўин жақсылаў; төртиншиден: пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын шөлкемлестириўшилик жақтан жетилистириў; бесиншиден: пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымларының социаллық бирге ислесиў, руўхыйлық-ағартыўшылық тараўлардағы жумысын күшейтириў; алтыншыдан: мәмлекетлик уйымлар айрым ўәкилликлерин пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына басқышпа-басқыш өткерип бериў.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында[1]: пуқаралардың өзин-өзи басқарыў институты-мәҳәлле жумысының шөлкемлестириўшилик тийкарларын буннан былай да жетилистириў, оның ўазыйпаларының көлемин кеңейтиў, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары менен өз-ара тығыз қатнасықларын тәмийинлеў айрықша үлкен әҳмийетке ийе екенлигин турмыс көрсетпекте. Бул ўазыйпаны шешиўде "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"ғы нызамына тийисли өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў мақсетке муўапық екенлигин айтады.

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

Жоқарыдағыларға тийкарланып 2013-жылы 5-июль күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң он үшинши сессиясында «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Қарақалпақстан Республикасы Нызамы[1] ҳәм усы сессияда «Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Қарақалпақстан Республикасы Нызамы[2] қабыл етилди. Бул жоқарыда көрсетилген нызамлар өз ўақтында қабыл етилди. Себеби Бул жаңа редакциядағы қабыл етилген нызамларда ертеңги күн талапларынан келип шыққан ҳалда мәмлекетимизди реформалаў ҳәм модернизациялаў жолында үлкен әҳмийетке ийе болған пуқаралық жәмийети институтларынан бири болған өзин-өзи басқарыў уйымларының ўәкилликлери кеңейтирилди.

Бунда мәҳәллени анық бағдарланған тийкарда халықты социаллық қоллап-қуўатлаў, жеке исбилерменликти ҳәм шаңарақлық бизнести раўажландырыў орайына айландырыў, сондай-ақ, оның мәмлекетлик басқарыў уйымлары жумысы үстинен жәмийетлик қадағалаўды алып барыў системасындағы ўазыйпаларын және де кеңейтирилди.

## 1.2.Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ҳуқықый статусы.

Мәлим болғанындай жәмийетлик турмыстың барлық машқалаларында орайдан турып шешиў мүмкин емес, себеби бул мәселелр жүдә беккем ҳәм мазмуны жағынан ҳәр түрли. Жергиликли әҳмийетке тийисли мәселелерди шешиў орайдан жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымларына өткизиў басқарыў сапалығын асырыўдың зәрүр қуралы болып саналады. «Күшли

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.
[2] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 164-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

мәмлекеттен-күшли пуқаралық жәмийетке» концепциясының тийкарғы мазмун манисиде соннан ибарат.

Пуқаралар жыйынының нызам менен белгиленген ўәкиллерине дыққат аўдарсақ, шынында пуқаралар жыйынына үлкен ҳуқықлар берилгенине көзимиз жетеди. Бул жағдай Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов «Өзин-өзи басқарыўдың халқымыз дәстүрине ҳәм қәдириятларына жүдә тән болған усылы мәҳәллелер дүзими соңға жылларда үлкен абыройға ийе болып атыр. Олар әмелде өз ҳуқықларындағы барлық ислер ушын жуўапкер. Себеби Мәҳәлленин қолынан келмейтуғын ис жоқ» - деген еди.[1]

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы нызамның 9-статьясына муўапық: Пуқаралар жыйыны халықтың мәпин билдиреди ҳәм оның атынан тийисли аймақта ҳәрекет етиўши қарарлар қабыл етеди. Пуқаралар жыйынында он сегиз жасқа шыққан ҳәм тийисли аймақта турақлы жасап атырған шахслар қатнасады.

Пуқаралар жыйыны уйымлары төмендегилер:

1. Пуқаралар жыйыны кеңеси;

2. Пуқаралар жыйынының жумысының тийкарға бағдарлары бойынша комиссиялар:

3. тексериў комиссиясы.

Пуқаралар жыйыны өзи тастыйықланған реже тийкарында жумыс алып барады. Пуқаралар жыйыны ҳаққындағы үлги реже Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумы тәрепинен тастыйықланады.

Биз жоқарыда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының қатарына пуқаралардың жыйынын киргизген едик.

Биз жоқарыда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының қатарына пуқаралардың жыйынын киргизген едик.

[1] Каримов И.А. XXI аср бусағасида хавфсизликка тахдид, барқарорлик шартлари ва тараққиет кафолатлари. - Т.:Ўзбекистон, 1997, 80-99-бб.

Онда пуқаралар жыйыны деген не? сораўына жуўап бериўимиз лазым. Пуқаралар жыйыны пуқаралардың өзин-өзи басқарыўдың жоқарға уйымы болып, ол сол аймақта халықтың мәплерин жақлаў ҳәм оның атынан тийисли орынларда ҳәрекет етиўши қарарларды қабыл етиў ҳуқықларына ийе[1]. Пуқаралардың жыйынында шешим қабыллаўшылардың да жас цензи анықланған ҳәм оған 18-жасқа толған поселка аўыл ҳәм мәкан-кеңес аймағында турақлы жасайтуғын адамлар қатнасыўға ҳақлы.

Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик уйымлар белгили бир аймақта ҳәм мақсетте ҳәрекет етиўи ушын олардың ҳәр бири өзлерине тән ўәкилликлерге ийе болып, олар нызам ҳүжжетлеринде тастыйықланып бериледи.

2013-жылы 5-июль күни қабыл етилген «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) нызам 5 бап 33-статьядан ибарат. Нызамның 1-бабында улыўма режелер, 2-бап пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ўәкилликлери, 3-бап пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын шөлкемлестириў, 4-бапта пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының экономикалық тийкарлары, ал 5-бапта жуўмақлаўшы режелер көрсетилген.

Қарақалпақстан Республикасының «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы нызамының 3-статьясында: «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыўы пуқаралардың жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди өз мәплеринен, раўажланыўдың тарийхый өзгешеликлеринен, сондай-ақ миллий ҳәм руўхый қәдириятлардан, жергиликли үрп-әдетлерден ҳәм дәстүрлерден келип шыққан рәўиште шешиў барысындағы Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Конституциялары ҳәм

---

[1] Е.Д.Кутыбаева, З.А.Реймова Қорақалпоғистон Республикасида фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органларининг шаклланиши ва ривожланиши, (Монография), Н.: “Билим” 2015-йил, 25-б.

нызамлары менен кепилленетуғын бийғәрез жумысы болып табылады»[1] - деп пуқаралардың өзин-өзи басқарыўына түсиник берилген.

Жоқарыда аты аталған нызамның 4-статьясында пуқаралардың өзин-өзи басқарыўының ҳуқықы тастыйықланған. Оған муўапық пуқаралар поселкаларда, аўылларда ҳәм мәкан-кеңеслеринде өзин-өзи басқарыў менен байланыслы конституциялық ҳуқықын пуқаралардың сайлаў ҳуқықлары кепилликлерине муўапық пуқаралар жыйынлары (ўәкилликлер жыйналысы) арқалы әмелге асырады.

Пуқаралар жыйыны расасы, миллети, тили, дини, социаллық келип шығыўы, көз-карасы, жеке ҳәм жәмийетлик жағдайына қарамастан тиккелей ҳәм өзлериниң сайлап қойылатуғын ўәкиллери арқалы өзин-өзи басқарыўды әмелге асырыўда тең ҳуқықларға ийе.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыўға тийисли ҳуқықларын шеклеўден қадаған етиледи. Нызамда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының тийкарғы принциплери нызамлылық, инсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң үстинлиги, демократизм, жәриялылық, социаллық, әдиллик, жергиликли әҳмийетли ийе мәселелерди шешиўде ғәрезсизлик, жәмийетлик тийкарда өз-ара жәрдем, социаллық шериклик , жергиликли үрп-әдетлер ҳәм дәстүрлерди есапқа алыўдан ибарат -деп белгиленилген. Бул статьяның нормалары ҳуқықый демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурып атырған Өзбекстан ҳәм оның қурамындағы суверенли Қарақалпақстанның турмысындағы үлкен сиясий ўақыя болып, бул принциплер олардың келешекке қарай раўажланыўына кең жол ашып береди[2]. Жергиликли өзин-өзи басқарыўдың көрсетиўши әҳмийетли белгилердиң бири оның өз хызметлерин аймақлық принциплер тийкарында шөлкемлестириўи болып

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.
[2] Қарақалпақстан Республикасының конституциясына түсиндирме. Н.: "Билим", 2015-жыл, 117-Б.

есапланады. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыўы Қарақалпақстан Республикасының пүткил аймағында әмелге асырылады.

Поселкалар, аўыллар, сондай-ақ қалалардағы, поселкалардағы ҳәм аўыллардағы мәкан-кеңеслер пуқаралардың өзин-өзи басқарыўының аймақлық бирликлери болып табылады. Бул статьяның нормасында және бир әҳмийетли мәселе демократиялық жолы менен шешилген. Мысалы: оған муўапық поселкаларды ҳәм аўылларды дүзиў, бириктириў, бөлиў ҳәм сапластырыў, сондай-ақ олардың шегараларын белгилеў ҳәм өзгертиў, оларға атама бериў ҳәм олардың атамаларын өзгертиў пуқаралардың өзин-өзи басқарыўының тийисли уйымларының пикирин есапқа алған рәўиште нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған тәртипте әмелге асырылады. Мәкан-кеңеслерди дүзиў, қосып жибериў, бөлиў ҳәм сапластырыў, сондай-ақ оның шеғараларын белгилеў ҳәм өзгертиў пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының басламасы менен жергиликли мәмлекетлик уйымлар тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы нызамның 7-статьясында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жумысын мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаўы белгиленген. Онда тастыйықланғанындай; мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиўи ҳәм раўажланыўы ушын зәрүр мүмкиншиликлер жаратып береди, олардың жумысларына араласыўға жол қойылмайды, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў менен байланыслы ҳуқықларын әмелге асырыўда көмеклеседи.

Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик уйымлар белгили бир аймақта ҳәм мақсетте ҳәрекет етиўи ушын олардың ҳәр бири өзлерине тән ўәкилликлерге ийе болып, олар нызам ҳүжжетлеринде тастыйықланып бериледи. «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында» ғы

Қарақалпақстан Республикасы нызамының 11-статьясы поселка аўыл пуқаралар жыйыны ҳәм қаладағы мәкан пуқаралар жыйынының ўәкилликлерин тастыйықлайды. Ал нызамның 12-статьясында поселка ҳәм аўылдағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйынының ўәкилликлери белгиленген.

Өзин-өзи басқарыў уйымлары дегенде, пуқаралар жыйыны түсинилип бир қарағанда олардың ўәкилликлери бирдей көринседе, нызам нормаларына дыққат аўдарсақ, олардың ўәкилликлери арасында бираз өзгешеликлери бар екенин көрсетеди. Бул өзгерис өзин-өзи басқарыў уйымларының қайсы аймақта дүзилгенинен келип шығады. Мысалы: поселка, аўыл ҳәм қалалардағы дүзилген ҳәм ислейтуғын пуқаралар жыйынының ўәкилликлери поселка, аўылдағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйынының ўәкиллигинен кеңирек.

Пуқаралар жыйынының нызам менен белгиленген ўәкиллерине дыққат аўдарсақ, шынында пуқаралар жыйынына үлкен ҳуқықлар берилгенине көзимиз жетеди. Бул жағдай Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов «Өзин-өзи басқарыўдың халқымыз дәстүрине ҳәм қәдириятларына жүдә тән болған усылы мәҳәллелер дүзими соңға жылларда үлкен абыройға ийе болып атыр. Олар әмелде өз ҳуқықларындағы барлық ислер ушын жуўапкер. Себеби Мәҳәлленин қолынан келмейтуғын ис жоқ» - деген еди.[1]

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы Қарақалпақстан Республикасы нызамы пуқаралар жыйыны кеңесиниң ўәкилликлерин белгилеп береди. Бул нызамның 13-статьясына муўапық пуқаралар жыйынының қарарларын орынлаў ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының пуқаралар жыйынлары арлық дәўириндеги күнделикли жумысларын әмелге асырыў ушын пуқаралар жыйынының

---

[1] Каримов И.А. XXI аср бусағасида хавфсизликка тахдид, барқарорлик шартлари ва тараққиет кафолатлари. - Т.:Ўзбекистон, 1997, 80-99-бб.

баслығы (ақсақалы), оның кеңесгөйлери, пуқаралар жыйынының жумысының тийкарға бағдарлары бойынша комиссияларының баслықлары ҳәм жыйынның жуўаплы хаткери қурамында пуқаралар жыйынының кеңеси дүзиледи. Пуқаралар жыйыны кеңесиниң ўәкилликлерине додалайды екенбиз, нызамның бул статьясында белгиленген ҳуқықый нормалар пуқаралар жыйынының жәмийеттеги атқаратуғын хызмети инсан өмир сүрип атырған ҳәр бир мәҳәлледе әмелге асырылатуғын ийгиликли ислериниң гуўасы деп билиў керек. Нызам нормалары пуқаралардың өзин-өзи басқарыў аймағындағы шешилиўи керек болған машқалалардың дерлик барлығын қамтыйды деп айта аламыз[1].

Нызамда пуқаралар жыйыны баслығының (ақсақалының) ўәкилликлерине де үлкен итибар берип, нызамның 14-статьясы усы мәселеге бағышланған.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында[2]:“Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы Өзбекстан Республикасы Нызамына тийисли өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў мақсетке муўапықлыгын айтқан еди. Бунда мәҳәллени анық бағдарланған тийкарда халықты социаллық қоллап-қуўатлаў, жеке исбилерменликти ҳәм шаңарақлық бизнести раўажландырыў орайына айландырыў, сондай-ақ, оның мәмлекетлик басқарыў уйымлары жумысы үстинен жәмийетлик

[1] РеймоваЗ.А. Место органов самоуправления граждан в системе публичного управления. Ўзбекистон Республикаси Президенти ҳузуридаги Давлат бошқаруви Академияси. ”Жамият ва бошқарув”, 4-сон, 2014 йил,64-с.
[2] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

қадағалаўды алып барыў системасындағы ўазыйпаларын және де кеңейтиўге айтарлықтай итибар қаратыў кереклигин билдирген еди.

Мине усының нәтийжесинде 2013-жылы қабыл етилген жаңа редакциядағы нызамда усы нормалар менен кеңейтирилген. Булл нормалар нызамның 16-статьясында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен жәмийетлик қадағалаўдың әмелге асырыўының ҳуқықый тийкарлары көрсетилген. Ал усы нызамның 17-статьясында өзин-өзи басқарыў уйымларының исбилерменлик хызметин раўажландырыўға көмеклесиўдиң тийкарлары белгиленген.

Нызамның 18-статьясына муўапық пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар ҳәм тексериў комиссиясының ҳуқықый статусы берилген. Бул комиссиялар өз жумысын ғәрезсиз әмелге асырады ҳәм тек ғана пуқаралар жыйынына есап береди. Олар пуқаралар жыйыны тастыйықлаған режелер бойынша жумыс ислейди.

Усы Нызамның 19-статьясы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм олардың лаўазымлы шахслары шешимлериниң мәжбүрийлиги. Усы статьяда усы уйымның яки лаўазымлы шахстың шешимлерин орынламаў тийисли жуўапкершиликке алып келиниўи белгиленген.

Усы Нызамның 20-статьясы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жумысын муўапықластырыў мәселелерине бағышланған. Усы мақсетте бул статьяда республикалық ақсақаллар кеңеси, сондай-ақ пуқаралардың өзин-өзи басқарыў кеңеси бойынша районлық, қалалық муўапықластырыў кеңеслери дүзилиўи нәзерде тутылған.

Бул нызамда буннан басқа пуқаралар жыйыны кеңесиниң жумыс ислеў тәриби, шөлкемлестириў тәриби, оның баслығының ўәкилликлерин мүддетинен бурын тоқтатыў тәртиби, усы уйымның экономикалық тийкарларының ҳуқықый статусы ҳаққында көрсетилген. Нызамның 5-бабында жуўмақлаўшы режелер берилген. Оған муўапық өзин-өзи

басқарыў уйымларының есабы, есап бериў тәртиби, муражаатларды көрип шығыў тәртиби, усы уйымларды қайта дүзиў, олардың жумысын тоқтатыў тәртиби, тартысларды шешиў тәртиби ҳәм усы нызамды бузғанлығы ушын жуўапкершилик тәртиплери белгиленген.

И.А.Каримовтың айтқанындай, ҳәзирги күнде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жергиликли өзин-өзи басқарыў дизиминде ғәрезсиз бууын сыпатында тиккелей мәмлекет ҳәм жәмийетке қатнасығы болған бир қанша әҳмийетли мәселелерди шешип атыр. Соны да айтыў керек бул жағдай мәмлекетлик ҳуқық илимине пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымларының әҳмийетли орны ҳәм роли ҳаққындағы мәселени бүгинги заман талапларынан келип шығып, тийислисинше жуўап бериў ўазыйпасын жүклемекте.

Бул диссертацияның I-Бабында Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиў тәртиби ҳәм ҳуқықый статусы үйренилип төмендеги жуўмақ ҳәм усынысларды келтиремиз:

1. Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызамның 19-статьясында пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымларының ҳәм олар лаўазымлы шахсларының қарарлары тийисли аймақта жасаўшы пуқаралар, сондай-ақ қалаша, қышлақ, аўыл ҳәм мәҳәлле аймағында жайласқан юридикалық шахслар (олардың лаўазымлы шахслары) тәрепинен орынланыўы шәртлиги ҳәм олардың қарарларын орынламаў яки лазым дәрежеде орынламаў нызамға муўапық жуўапкершиликке себеп болыўы беккемленген. Бирақ, нызам ҳүжжетлеринде олардың қарарларын орынламаў ушын дәл қандай жуўапкершилик мәселелери нәзерде тутылғанлығы бойынша нормалар беккемленбеген. Бул болса, өз нәўбетинде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары аймақлық мәпин толық қорғаў ушын тосық болып атырғанлығы себепли, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары

ҳәмде мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери тәрепинен усы мәселе үйренип шығылыўы ҳәм талықланыўын мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

2.Кеңесгөйлердиң белгиленген ўазыйпаларының толық орынланыўына ерисиў, сондай-ақ ҳәр шеректе өзиниң жумысы бойынша пуқаралар жыйынында есабат бериў ўазыйпаларын орынлаў жәнe әмелге асырылған жумыслары ҳәм кемшиликлер бойынша шараларын белгилеў;

3.Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызамның 11-статьясында коммуналлық төлемлерди өндирилиўин тәмийинлея, ыссылық ҳәм электр энергиясынан, ыссы ҳәм суўық суўдан үнемли пайдаланыў бойынша илажалар өткериўде, тийисли аймақта абаданластырыў ҳәм көгалландырыў, турақ-жайлар ҳәм ҳәўлилерди үлгили сақлаўға тийисли жумысларды ықтыярлы рәўиште шөлкемлестириўде шәртнама тийкарында көмеклеседи делинген. Бирақ әмелиятта шартнамалар жоқтың алдында, сол себепли усы норманы ислетиўдиң жетилистириў керек.

4. Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызамның 26-статьясының пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына коммуналлық хызметлер, салықлар ҳәм басқа да мәжбүрий төлемлерди төлеўде нызамшылықта белгиленген тәртипте жеңилликлер ҳәм преференциялардан пайдаланылады делинген. Мине усы норманы әмелге асырыўда оның механизимин ислеп шығылса мақсетке муўапық болар еди.

# II-Бап. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнe де тереңлестириўде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының тутқан орны.

## 2.1. Пуқаралар жыйынлары хызметиниң бағдарлары бойынша комиссиялар жумысын шөлкемлестириў.

Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы нызамның 9-статьясына муўапық:[1] пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар – пуқаралар жыйыны уйымы деп көрсетилген. Пуқаралар жыйыны жанындағы мәселелер шешимин көрип шығыў мақсетинде түрли комиссиялар дүзиледи. Оларға пуқаралар жыйыны хызметкерлери, мәкан белсендилерин қатнастырады. Ҳәр бир комиссия аймағындағы машқалаларды үйренип шығады ҳәм сол тийкарында жумыс хызметин режелестиреди ҳәм ўазыйпалар бөлистирилип, пуқаралар жыйынында тастыйықланады ҳәм исленген жумыслар бойынша ҳәр шеректе есабат берип барады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы нызамның 18-статьясында Пуқаралар жыйынында пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша төмендеги комиссиялар дүзиледи:

Жарастырыў комиссиясы;

Ағартыўшылық ҳәм руўхыйлық мәселелери бойынша комиссия;

Социаллық қоллап-қуўатлаў бойынша комиссия;

Ҳаял-қызлар менен ислесиў бойынша комиссия;

Жас өспиримлер, жаслар ҳәм спорт мәселелери бойынша комиссия;

Исбилерменлик жумысы ҳәм шаңарақлық бизнести раўажландырыў мәселелери бойынша комиссия;

Экология ҳәм тәбиятты қорғаў, абаданластырыў ҳәм көгалландырыў бойынша комиссия;

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

Жәмийетлик қадағалаў ҳәм тутыныўшылардын ҳуқықларын қорғаў бойынша комиссия.

Тийисли аймақта машқалалардың зәрүрлигине қарап, пуқаралар жыйыны тәрепинен пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша басқа комиссиялар да дүзилиўи мүмкин[1].

Комиссияларға басшылық, әдетте, пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери тәрепинен әмелге асырады. Комиссия ағзаларын сайлаў ашық яки жасырын даўыс бериў жолы менен, пуқаралардың нызамда белгиленген сайлаў ҳуқықлары кепилликлери тәмийинленген ҳалда әмелге асырылады. Комиссия қурамына талабан етип көрсетилген шахс жыйынында (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысында) қатнасып атырғанлардың ярымынан көпшилиги оны жақлап даўыс берген жағдайда сайланған есапланады.

Комиссиялар жумысын үйрениў соны талап етпекте, пуқаралар жыйынларында пуқаралар жыйыны хызметиниң тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар санын жетилистириў ҳәм ҳәм сол арқалы жумысын жақсылаў заман талабы. Соннан келип шығып ҳәзирги ўақытта пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша төмендеги комиссиялар дүзилген:

Комиссиялар жумысын үйрениў соны талап етпекте, пуқаралар жыйынларында пуқаралар жыйыны хызметиниң тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар санын жетилистириў ҳәм ҳәм сол арқалы жумысын жақсылаў заман талабы. Соннан келип шығып ҳәзирги ўақытта пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша төмендеги комиссиялар дүзилген:

1999 жыл 19 апрелдеги Министрлер Кабинетиниң 180-сан қарары менен тастыйықланған «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

жанындағы жарастырыў комиссиялары ҳаққындағы Реже»[1]ге тийкар пуқаралар жыйыны жанындағы жарастырыў комиссиясы дүзиледи. Ал Қарақалпақстан Республикасында 2013-жылы Жоқарғы Кеңес Президиумының 4-ноябрдеги 247-санлы қарарына муўапық “Пуқаралар жыйынының жарастырыў комиссиясы ҳаққында” Үлгили Реже[2] қабыл етилди. Бул комиссия өз жумысын реже тийкарында әмелге асырады.

**Жарастырыў комиссиясы** мәмлекетимизди социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыў, республикамызда саламат аўладты тәрбиялаўға мүнәсип үлесин қосыў, пуқаралардың шаңарақта ҳәм мәканда тыныш-татыў және биргеликте жасаўларын тәмийинлеў, шаңарақлық келиспеўшиликлерди тыныш жол менен шешиў, саламат турмыс тәризин кең үгит нәсиятлаў мақсетинде дүзиледи. Жарастырыў комиссиялары аймақтағы шаңарақлардың дүзилиўин, тойлар, сондай-ақ тойдың алдынан тойдан кейинги тәдбирлериниң өткерилиўи, шаңарақлардағы социаллық-руўхый жағдайдың турақлы болыўы ушын жуўапкер болған тийкарғы шөлкем болып табылады.

Жарастырыў комиссиясы ўазыйпалары төмендегилерден ибарат:

1. Жарастырыў комиссиялары аймақта саламат турмыс тәризин кең түрде үгит нәсиятлаў жумысларын алып барыў мақсетинде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларында болатуғын тәдбирлерде, жыйнылысларда қатнасады ҳәм оларда ишиўшилик жәнеде нәшебентликтиң шаңарақлық даўлардың тийкарғы себеплеринен бири екенлиги, шаңарақлардың төкислиги олардың тыныш-татыўлығына байланыслы екенлиги ҳаққындағы түсиндириў ислерин алып барады.

2. Аймақта үлгили шаңарақлар, оларда перзентлер тәрбиясы, ерли-зайыплылар және перзентлер ортасындағы қатнасықлар бойынша

---

[1] “Фуқаролар йиғинининг яраштириш комиссияси тўғрисида намунавий низом” Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[2] Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын және де жетилистириў илажлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары, 330-статья. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы. №8, 2013-жыл, июль-декабрь.

ғалабаластырыўға ылайықлы мәселелер ҳаққында жергиликли баспада мақалалар ҳәм ғалаба хабар қуралларында көрсетиўлер шөлкемлестиреди.

3. Той, мерекени ҳәм олар алдынан және олардан кейин өткерилетуғын басқа тәдбирлерди артықша дәпдебесиз өткериў, артықша сарп-қәрежетлер шаңарақ турмысында кери тәсир көрсетиў, шаңарақтағы социаллық-руўхый әтираптың бузылыўына алып келиўине себепши болыўы мүмкинлиги ҳаққында халық арасында түсиндириў жумысларын алып барады.

4. Мәканлерде, көшелерде ҳәм басқа жәмәәтлик орынларда спиртли ишимликлерди, нәшебентликтиң алдын алады. Инсанның ар-намысын, қәдир-қымбатын түсирип көшелерде мәст ҳалда жүриўши шахсларға жәмәәтлик тәсирин өткериў мақсетинде оларды шаңарақ ағзалары, мәканның белсендилериниң қатнасыўында додаланып шараларын көреди.

5. Спиртли ишимликлерге турақлы берилип кеткенлерге ҳәм нәшебентлик кеселине дуўшар болған шахсларды анықлап, зәрүр болған жағдайда оларды белгиленген тәртипте мәжбүрий емлениўге жибериў шараларын көреди.

6. Милицияда есапта турған, әсиресе илгери судланған, шаңарақта ҳәм турмыста турақлы рәўиште ҳуқықбузарлықларға жол қойыўшы шахслар менен профилактикалық жумысларды алып барыўда қатнасады. Зәрүр болған ҳалда олардың әдеп-икрамлық ҳәм турмыс тәризин өзиниң жыйналысларында қарап шығады.

7. Жазаны орынлаў мекемелеринде азат етилген шахслардың шаңарақларына өз ўақтында қайтыўын қадағалайды, оларға өмир жолдасы ҳәм перзентлери менен тез арада ҳүким етилместен алдыңғы қатнасықларын тиклеўде, ҳадал мийнет пенен күн көриўге тезирек кирисиўде руўхый жақтан күш береди. Олар арасында исенимниң жоқ болмаслығы ушын, егер жоғалған жағдайда оны тиклеў ушын

халкымыздың сыналған қәдириятлары ҳәм зәрүр болған жағдайда ислам дини бағдарындағы үгит-нәсиятларынан пайдаланады.

8. Өмир жолдасы, перзентлери яки кексе ата-анасы менен турақлы түрде тынышсыз жасап атырған жәнe шаңарақ турмыс қатнасықлары көлеминде ҳуқықбузарлық ислеўге қәдир шахсларды анықлаў мақсетинде ҳәр бир шаңарақтың турмыс тәризи терең үйренилип барады.

9. Аймақтағы кем тәмийинленген шаңарақларды анықлайды, оларға өз дәрамадларын асырыў бойынша көрсетпелер береди, сондай-ақ үй шараятында ислеў, өнер үйрениў, өнерментшилик пенен шуғылланыў бойынша имканиятлар жаратыў шараларын көреди. Бундай шаңаракларға белгиленген тәртипте социаллық жәнеде материаллық жәрдем көрсетилиўи ҳаққында усыныслар береди.

10. Ҳаял-қызлар мәплерин қорғайды. Олардың социаллық турмыста, шаңарақта руўхыйлық-ағартыўшылық, сондай-ақ руҳыйлық жағдайды жетилистириўдеги, жас әўладты тәрбиялаў жумысындағы статусын асырыўға қаратылған кең көлемли ислерин әмелге асырады.

11. Миллий дәстүрлеримизге қайшы халда әдеп-икрамлық қағыйдаларынан шетке шығып баратырған шахсларды, әсиресе ҳаялларды анықлаў ҳәм оларға қарата тийисли илажлар көриўде пуқаралар жыйынына жақыннан көмеклеседи.

12. Шаңарақтағы жәнжеллер әқибетинде пайда болған ерли-зайыплы, аға-ини, апа-сиңли, ата-ана ҳәм перзент, қәйин ене ҳәм келин, қоңсы-қобалар ортасындағы бузылған қатнасықларды тиклеў шараларын көреди.

13. Ҳәр бир анықланған шаңарақ-турмыс қатнасықларындағы жәнжеллер бойынша нызамлы шаралар көрилиўин тәмийинлейди.

14. Шаңарақтағы жәнжеллердиң себеплерин анықлайды ҳәм оларды сапластырыў бойынша зәрүр болған шараларды әмелге асырады.

15. Жарастырыў комиссиялары өзиниң жумысларын ҳәр айдың ақырында улыўмаластырып, булл ҳаққында мәпдар болған шөлкемлерге мәлимлеме берип барады.

Жарастырыў комиссиясына пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) басшылық етеди. Оның қурамына ҳаял-қызлар комитети баслығы, милиция аймақлық инспекторы, ер жетпегенлер иси менен шуғылланыўшы милиция инспекторы, аймақтағы мектеплердиң директорлары яки олардың руўқый-ағартыўшылық тәрбия ислери бойынша орынбасарлары, сондай-ақ мәканда жасаўшы үлгили шаңарақлардың баслықлары, имам-хатиблер ҳәм нуранийлер киреди. Жарастырыў комиссиясы маканда социаллық руўхый орталыққа кери тәсирин көрсетиўши факторларды анықлайды ҳәм оны сапластырыў илажларын әмелге асырады.

Көрип турғанымыздай бир ғана жарастырыў комиссиясының өзи бир неше комиссия ўазыйпасын Режеден келип шыққан ҳалда әмелге асырады.

Мәкан өзин өзи басқарыўы әмелияты және пуқаралық жәмийетти қурыў принциплеринен келип шығып, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына басқышпа-басқыш мәмлекетлик ҳәкимият ўазыйпалары өткизилип келинбекте. Бул әмелият турмыс тәжрийбесинде толық өзин ақламақта.

Президентимиз И.А. Каримов “Биз базар қатнасықларына жақынласқан сайын социаллық сиясаттың баслы бағдарлары – халықты социаллық қоллап-қуўатлаў шаралары жәнe қураллары өзгерип барыўы керек, деген зәрүр сабақ шығарып алдық” [1]– деген еди.

Әмелият ҳәм тәжрийбелер жалпы социаллық қорғаныў системасынан, исенимли социаллық кепилликлер ҳәм халықты анық мақсетли жәнe мәнзили социаллық жақтан қоллап-қуўатлаў системасына өтиў мақсетке муўапық екенлигин көрсетеди.

---

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т.: “Ўзбекистон”. 1996 йил 201 б.

Соған муўапық, 1994 жыл 23 августта Өзбекистан Республикасы Президентиниң "Кем тәмийинленген шаңарақларды социаллық қорғаўды күшейтириўге тийисли тәдбирлер ҳаққында»ғы 938-сан Пәрманы[1] қабыл етилди. Соның менен бирге Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2013-жыл 15 февралдағы 44-санлы қарары менен тастыйықланған «Кем тәмийинленген шаңарақларға напақалар ҳәм материаллық жәрдем тайынлаў ҳәм төлеў тәртиби ҳаққындағы режеси қабыл етилди[2].

Кем тәмийинленген шаңарақларға ҳәр айда берилетуғын материаллық жәрдем халықты мәмлекет тәрепинен социаллық пүткиллей жаңа түри сыпатында мәмлекетлик социаллық қорғаў сиясатында биринши мәртебе енгизилди. Бул енгизилген социаллық қорғаўдың жаңалығы соннан ибарат болды, онда сол шаңарақты кем тәмийинленген деп есаплаў мәселесин пуқаралар жыйынының ғәрезсиз түрде белгилейтуғын ҳәм мине усы шаңараққа материаллық жәрдем тайынлайтуғын болды. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары 1994 жылдың 1 октябринен баслап ҳәр айлық төлемлер тәризинде материаллық жәрдем көрсетиў әмелге асырыла баслады. Соның менен бирге мәкан пуқаралар жыйынының социаллық қорғаў жумысы пайда болыўына дәслепки қәдемлер қойылды.

**Ағартыўшылық ҳәм руўхыйлық мәселелери бойынша комиссия.** Комиссия өз хызметин Конституцияға, нызамларға, басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерге, Пуқаралар жыйыны ҳаққындағы Режеге, пуқаралар жыйыны ҳәм оның кеңеси қарарларына және Пуқаралар жыйынының руўхый ағартыўшылық ҳәм мәнәўият мәселелери бойынша комиссиясы режесине муўапық әмелге асырады. Комиссия пуқаралар жыйыны тәрепинен баслық (ақсақал) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўынан кейин бир

---

[1] "Кам таъминланган оилаларни ижтимоий ҳимоялашни кўчайтиришга оид тадбирлар тўғрисида" Ўзбекистон Республикаси Президентининг 1994 йил 23 августдаги фармони

[2] "Кам таъминланган оилаларга ижтимоий нафақалар ва моддий ёрдам тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида"ги низом. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 15 февралдаги 44-сонли қарори билан тасдиқланган.

ай ишинде 10-15 адамнан ибарат қурамында дүзиледи. Комиссия ағзалары саны пуқаралар жыйынындағы халықтың санына жәнеде жумыстың көлеми қарап белгиленеди.

Бул комиссия мәканларда пуқаралардың ҳуқықый билими, мәнәуиятын, мәдениятын раўажландырыў, олардың социаллық хызметин және мәмлекетлик реформаларды қабыл етиў ҳәм орынларда әмелге асырыў процесслеринде ашық ҳәм белсенди қатнасыўларын тәмийинлеў ушын айрықша топарлар менен тәдбирлер, сәўбетлесиўлер, ушрасыўлар шөлкемлестиреди. Ҳуқық қорғаў уйымлар менен сапалы бирге ислесиўди орнатады. Жаслар тәрбиясы, миллий қәдириятларымыз, ўатанды сүйиўшилик сезимлерин ҳәр бир пуқара санасына сиңдириўге ериседи. Жасларды спорт пенен шуғылланыўларына имканият жаратыў, шаңарақлық спортты раўажландырыў ҳәм мәкан аймағында спорт комлекслерин қурыў ҳәм олардан мәкан халқының сапалы пайдаланыўына көмеклеседи. Ғалабалық-сиясий, руўхыйлық-ағартыўшылық, мәдений, спорт тәдбирлерин ҳәм басқа тәдбирлерди өткериўде жергиликли ҳәкимият уйымларына көмеклеседи.

Базар қатнасықларына өтип атырған бир дәўирде балалы шаңарақларға мәмлекет жолы менен жәрдем бериўди күшейтириў, бунда нызамлылық, социаллық әдиллик ҳәм жәриялықты тәмийинлеў үлкен әҳмийетке ийе болып табылады**.**

Сол мақсетте Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1996 жыл 10 декабрде “Балалы шаңарақларды мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаўды жәнеде күшейтириў ҳаққында»ғы 1657-сан Парманы[1], Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1996 жыл 10 декабрдеги 437-санлы қарары 2002 жыл 25 январдағы 33-сан қарары редакциясы менен тастыйықланған “Ер жетпеген балалары болған шаңарақларға напақалар

---

[1] “Болали оилаларни давлат томонидан қўллаб-қувватлашни янада кучайтириш тўғрисида” Ўзбекистон Республикаси Президентининг 1996 йил 10 декабрдаги ПФ-1657-сон Фармони

тайынлаў ҳәм төлеў ҳаққында»ғы Реже[1] қабыл етилип, балалы шаңарақларға социаллық жәрдемниң анық берилиўин күшейтириў ҳәм халықты соцаллық қорғаўда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының орны ҳәм жуўапкершилигин асырыў мақсетинде, усы Парман ҳәм Реже тийкарында 16 жасқа шекемги балалары болған шаңарақларға напақаларды сондай напақаға мүтәж шаңарақларға ғана бериў пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен әмелге асырылатуғын болды.

**Социаллық қоллап-қуўатлаў комиссиясы**. Комиссия өзиниң жумысын Конституцияға, "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"[2]ғы нызамға нызамларға, Пуқаралар жыйыны ҳаққындағы Реже[3]ге, пуқаралар жыйыны ҳәм оның кеңеси қарарларына, Пуқаралар жыйынының социаллық қоллап-қуўатлаў бойынша комиссия Реже[4]сине, Ал Қарақалпақстан Республикасында 2013-жылы Жоқарғы Кеңес Президиумының 4-ноябрдеги 247-санлы қарарына муўапық "Пуқаралар жыйынының социаллық қоллап-қуўатлаў мәселелери бойынша комиссиясы ҳаққында" Үлгили реже[5] қабыл етилди. Бул комиссия өз жумысын реже тийкарында әмелге асырады.

ҳәм басқада норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерге муўапық әмелге асырады.

Комиссия ағзалары пуқаралар жыйыны тәрепинен пуқаралар жыйыны аймағында жасайтуғын сол аймақта абыройға ҳәм ҳүрметке ийе пуқаралар арасынан пуқаралар жыйыны баслығы баслығы (ақсақалы)

---

[1] "Болали оилаларини ижтимоий қўллаб-кувватлашни кучайтириш чора-тадбирлари тўғрисада"ги Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг қарори. 2002-йил 25январ №33-сон.

[2] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

[3] "Фуқаролар йиғини туғрисида намунавий низом" Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[4] "Фуқаролар йиғинининг ижтимоий қўллаб-қувватлаш бўйича комиссия тўғрисида намунавий низом" Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[5] Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын және де жетилистириў илажлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары, 330-статья. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы. №8, 2013-жыл, июль-декабрь.

болса оның оның ўәкилликли дәўирине сайланады. Комиссия қурамына пуқаралар баслығының кеңесгөйлери, хаткери, пуқаралар жыйыны аймағындағы бириктирилген район (қала) Бәнтликке көмеклесиў ҳәм халықты социаллық қорғаў орайы хызметкери, сондай-ақ зәрүр болғанда, район (қала) мәмлекетлик салық инспекциялары ҳәм финанс мекемелери ўәкиллери киритиледи. Комиссияға пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) басшылық етеди. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен бүгинги күнде кем тәмийинленген шаңарақларға материаллық жәрдем ҳәм ер жетпеген балалары бар шаңарақларға және жумыс ислемей атырған аналарға баланы еки жасқа толғанға шекем баланы тәрбиялаў бойынша напақалар тайынлайды.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2002 жыл 25 январьдағы "Халықтың социаллық қорғаўға мүтәж қатламларды анық бағдарланған тәризде қоллап-қуўатлаўды күшейтириў ҳаққында"ғы Парманы[1] социаллық қорғаў сиясатының гезектеги нызамлы көриниси болды. Оған муўапық, баласы еки жасқа толғанға шекем оны бағыў бойынша ислемейтуғын аналарға мәканлар арқалы берилетуғын айлық напақалар муғдары 2002 жыл 1 февральдан баслап ең кем ис ҳақының 170 %, 2003 жылдың 1 январьынан баслап болса 200 % муғдарында белгиленди. Сондай-ақ, 16 жасқа шекемги балалары болған шаңарақ қатламы кеңейтирилип, улыўматәлим мектеплерде, академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлерде оқыйтуғын 18 жасқа шекемги балалары болған мүтәж шаңарақлар және сол қатламға қосымша рәўиште киргизилди.

Социаллық қоллап-қуўатлаў комиссиялары сапалылығын асырыў ушын төмендеги қағыйдаларға муўапық ҳәрекет етиўи керек:

- Социаллық әдилликке сөзсиз қатаң бойсыныў;

[1] "Аҳолини ижтимоий ҳимояга муҳтож қатламларини аниқ йўналтирган тарзда қўллаб-қувватлашни кучайтириш тўғрисида" Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2002 йил 25 январдаги ПФ-3017-сон Фармони

- Көрсетилген социаллық жәрдемниң мәнзили болыўы, ҳақыйқаттан мүтәж шаңарақларға берилиўин тәмийинлеў;

- Шаңарақлар ҳәм пуқаралар тәрепинен халықты социаллық қорғаў шараларына бақымандалыққа жандасыўға жол қоймаслық;

- Шаңарақ ағзаларының, әсиресе балалардың материаллық пәраўанлығын асырыўда шаңарақ жуўапкершилигин асырыў, ҳәр тәреплеме физикалық ҳәм руўхыйлық раўажланыў, билим ҳәм кәсип-өнер дәрежесин асырыў ушын оларға зәрүр болған шараятларды жаратыў.

Шаңарақлар ҳәм пуқаралар тәрепинен халықты социаллық қорғаў шараларына бақымандалыққа жандасыўға жол қоймаслық қағыйдасынан келип шығып, Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» - баянатында[1] көрсетип өткениндей мәканларды анық бағдарланған тийкарда халықты социаллық қоллап-қуўатлаў, жеке исбилерменликти ҳәм шаңарақлық бизнести раўажландырыў орайына айландырыў керек деп көрсетеди. Буның ушын:

1. Мәкан халқының мәплерин және толықрақ тәмийинлеў мақсетинде нызамшылық ҳәм норматив ҳуқықый базаны жәнеде жетилистириў ҳәм беккемлеў.

2. Мәканда ислеп шығарыў ҳәм социаллық инфрадүзилмени және раўажландырыў тийкарында турмыс сыпатын ҳәм бәнтлик дәрежесин асырыў.

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

3. Адамлар саламатлығын қорғаўды жақсылаў, халықтың медициналық мәдениятын асырыў, билимлендириў системасын жәнеде раўажландырыў, оның дәрежеси ҳәм сыпатын асырыў керек болады.

Пуқаралары жыйыны хызметиниң тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялары қурамы тийкарынан мәкан аймағында белсенди, турмыс тәжрийбесине ҳәм абырой итибарға, ҳүрметке ийе болған пуқаралардан ҳәм зәрүр болған ҳалда жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уймлары ўәкиллеринен ибарат болады.

Әмелдеги нызамшылық ҳүжжетлеринде республикамыздың барлық пуқаралар жыйынларында тексериў, жарастырыў ҳәм социаллық қоллап-қуўатлаў комиссияларының жумысы белгиленип берилген. Усы комиссиялар жумысы менен байланыслы мәселелер ҳәр бир мәканға тән болыўы менен бирге турақлылық характеринеде ийе.

Орынларда дүзилген комиссиялар жумысы үйренилгенде комиссиялар барлық пуқаралар жыйыны мәжлислеринде дүзилгенлиги, баслық ҳәм ағзалары пуқаралар жыйыны мәжлислеринде сайланғанлығы мәлим болады. Айрым мәкан пуқаралар жыйынларында “Арза ҳәм шағымлар менен ислесиў”, “Жумысқа жайластырыў”, “Қорғаныў ҳәм ҳуқықты қорғаў”, “Қәўендерлик кеңеси комиссиясы”, “Мәкан пуқаралар жыйыны кеңеси биргеликтеги комиссиясы” дүзилген.

Режелери ислеп шығылған Жарастырыў комиссиясы Министрлер Кабинетиниң 1999-жыл 19-апрелдеги 180-сан қарары менен тастыйықланған “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жанындағы жарастырыў комиссиялары ҳаққындағы Реже; Социаллық қоллап-қуўатлаў комиссиясы Министрлер Кабинетиниң 1994жыл 24 августағы 434-сан қарары менен тастыйықланған “Кем тәмийинленген шаңарақларды есапқа алыў, оларға материаллық жәрдем тайынлаў ҳәм төлеў тәртиби ҳаққындағы Реже”, 1996 жыл 10 декабрьдеги 437- сан қарары менен тастыйықланған “Ер жетпеген балалары болған шаңарақларға напақалар

тайынлаў ҳәм төлеў ҳаққында Реже" ҳәм Әдиллик Министрлиги тәрепинен 2002 жыл 14 мартта дизимге алынған 1113-санлы "Ислемей атырған аналарға баланы еки жасқа толғанға шекем бағыў бойынша ҳәр айлық напақа тайынлаў ҳәм төлеў тәртиби ҳаққында Реже"; Ҳаял-қызлар менен ислесиў комиссиясы, усы комиссияның үлгили режеси "Маҳалла" қайырқомлық жәмийетилик фонды республика бошқарыўы ҳәм Ҳаял-қызлар комитети менен биргеликте ислеп шығылған. Жаслар менен ислесиў комиссиясы, усы комиссияның Режеси 2008 жыл 16 апрельде "Маҳалла" қайырқомлық жәмийетилик фонды республика басқарыўы ҳәм "Камолот" жаслар жәмийетлик ҳәрекети Орайлық кеңесиниң қоспа қарары менен тастыйықланған комиссиялардан басқа комиссиялар өзиниң Режелерине ийе емес.

**Ҳаял-қызлар менен ислесиў комиссиясы.** Комиссия өзиниң жумысын Конституцияға, "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"[1]ғы нызамға нызамларға, Пуқаралар жыйыны ҳаққындағы Реже[2]ге, пуқаралар жыйыны ҳәм оның кеңеси қарарларына, Пуқаралар жыйынының ҳаял-қызлар менен ислесиў бойынша комиссиясы Реже[3]сине, Ал Қарақалпақстан Республикасында 2013-жылы Жоқарғы Кеңес Президиумының 4-ноябрдеги 247-санлы қарарына муўапық "Пуқаралар жыйынының ҳаял-қызлар менен ислесиў мәселелери бойынша комиссиясы ҳаққында" Үлгили Реже[4] қабыл етилди. Бул комиссия өз жумысын реже тийкарында әмелге асырады.

муўапық әмелге асырылады. Комиссия пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйыны) тәрепинен пуқаралар жыйыны

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

[2] "Фуқаролар йиғини туғрисида намунавий низом" Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[3] "Фуқаролар йиғинининг хотин-қизлар билан ишлаш бўйича комиссия тўғрисида намунавий низом" Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[4] Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын және де жетилистириў илажлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары, 330-статья. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы. №8, 2013-жыл, июль-декабрь.

баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўынан кейин бир ай ишинде 8-15 ағзадан ибарат қурамында дүзиледи. Комиссия ағзалары саны пуқаралар жыйынындағы халықтың санына және жумыс көлемине қарап белгиленеди. Комиссия қурамына ишки ислер уйымларының профилактика инспекторы, билимлендириў мекемелери, аўыл врачлик пункти (шаңарақ поликлиника), Ҳаял-кызлар комитети ҳәм “Камолат” жаслар социаллық ҳәрекетиниң аймақтағы кархана ҳәм шөлкемлердеги басланғыш шөлкемлери ўәкиллери, пуқаралар жыйынының руўхый ағартыўшылық үгит-нәсият мәселелери бойынша кеңесгөйи, сондай-ақ турмыс тәжрийбесине, халық арасында абыройға ийе болған және өзиниң қурамалы тәсирин өткере алатуғын белсенди ҳаяллар, соннан белсенди ҳаяллар киритилиўи керек. Комиссия ағзалары ҳәм баслығы пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйыны) тәрепинен еки ярым жыллық мүддетке сайланады. Комиссияға басшылық, пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы)ның кеңесгөйи тәрепинен әмелге асырылады.

Бул комиссия ҳаял-қызлар ҳуқықлары ҳәм мәплерин қорғайды, олардың жәмийеттеги орнын жоқарылатыў, перзентлер тәрбиясындағы жуўапкершиликти ҳәм билимлерин асырыўға көмеклеседи.

Ҳаял-қызлардың саламатлығын сақлаў, саламат шаңарақты қәлиплестириў, ҳаяллар ҳәм шаңарақ спортын раўажландырыў, саламат турмыс тәризин үгит-нәсиятлаў бойынша ис-илажларды ислеп шығады ҳәм әмелге асырады. Басқалардың жәрдемине мүтәж кексе пуқараларға шафелик (патронажлық) жәрдемин шөлкемлестиреди.

**Жас өспиримлер, жаслар ҳәм спорт мәселелери бойынша комиссия.** Комиссия өзиниң жумысын Конституцияға, “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”[1]ғы нызамға нызамларға, Пуқаралар жыйыны ҳаққындағы Режеге, пуқаралар жыйыны ҳәм оның

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

кеңеси қарарларына[1], Пуқаралар жыйынының жас өспиримлер, жаслар ҳәм спорт мәселелери бойынша комиссия Реже[2]сине, ал Қарақалпақстан Республикасында 2013-жылы Жоқарғы Кеңес Президиумының 4-ноябрдеги 247-санлы қарарына муўапық "Пуқаралар жыйынының жас өспиримлер, жаслар ҳәм спорт мәселелери бойынша комиссиясы ҳаққында" Үлгили Реже[3] қабыл етилди. Бул комиссия өз жумысын реже тийкарында әмелге асырады.

муўапық әмелге асырылады. Комиссия пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйыны) тәрепинен пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўынан кейин бир ай ишинде 8-15 ағзадан ибарат қурамында дүзиледи. Комиссия ағзалары саны пуқаралар жыйынындағы халықтың саны және жумыстың көлемине қарап белгиленеди. Комиссия қурамына ишки ислер уйымларының профилактика инспекторы, билимлендириў мекемелери басшылары яки олардың руўхыйлық-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарлары, спорт, ден-саўлықты сақлаў мекемелери ўәкили, аўыл врачлық пункти (шаңарақ поликлиника) басшысы, "Камолат" жаслар социаллық ҳәрекетиниң басланғыш шөлкеми жетекшиси, пуқаралар жыйынының руўхый ағартыўшылық үгит-нәсият мәселелери бойынша кеңесгөйи, сондай-ақ турмыс тәжрийбесине, халық арасында абыройға ийе болған және өзиниң қурамалы тәсирин өткере алатуғын белсенди ҳаяллар, соннан белсенди ҳаяллар киритилиўи керек. Бул комиссия мәканларда жаслардың социаллық-сиясий санасын асырыў, билим көлемин кеңейтириў, физикалық шынықтырыў, жумыс пенен бәнт болыўға көмеклесиў, әскерий

---

[1] "Фуқаролар йиғини туғрисида намунавий низом" Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[2] "Фуқаролар йиғинининг вояга етмаганлар, ёшлар ва спорт масалалари бўйича комиссия тўғрисида намунавий низом" Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[3] Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын және де жетилистириў илажлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары, 330-статья. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы. №8, 2013-жыл, июль-декабрь.

хызметке таярлаўда шаңарақларға ҳәм мәмлекетлик уйымларға жақыннан жәрдем береди.

Ер жетпегенлердиң ҳуқықларын қорғаў бойынша жәмийетлик ислерди шөлкемлестиреди, ата-ана қарамағынан айрылған балалар ҳаққындағы мағлыўматларды қәўендерлик ҳәм қайырқомлық уйымларына усынады, сондай-ақ бундай балаларды тийисли мәмлекетлик мекемелерге жайластырыўға көмеклеседи.

Спорт тәдбирлерин ҳәм басқа тәдбирлерди шөлкемлестиреди ҳәм өткереди, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына усы мәселеде көмеклеседи.

**Экология ҳәм тәбиятты қорғаў, абаданластырыў, ҳәм көгалландырыў комиссиясы.** Комиссия өзиниң жумысын Конституцияға, “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”[1] ғы нызамға нызамларға, Пуқаралар жыйыны ҳаққындағы Реже[2]ге, Қарақалпақстан Республикасында 2013-жылы Жоқарғы Кеңес Президиумының 4-ноябрдеги 247-санлы қарарына муўапық “Пуқаралар жыйынының экология ҳәм тәбиятты қорғаў, абаданластырыў ҳәм көгалландырыў мәселелери бойынша комиссиясы ҳаққында” Үлгили Реже[3] пуқаралар жыйыны ҳәм оның кеңеси қарарларына, және Пуқаралар жыйынының экология ҳәм тәбиятты қорғаў, абаданластырыў көгалландырыў бойынша комиссия Реже[4]сине муўапық әмелге асырады.

Комиссия пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы) тәрепинен пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўынан кейин бир ай ишинде 10-15 адамнан ибарат қурамында

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

[2] “Фуқаролар йиғини туғрисида намунавий низом” Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қарори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[3] Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын және де жетилистириў илажлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары, 330-статья. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы. №8, 2013-жыл, июль-декабрь.

[4] “Фуқаролар йиғинининг экология ва табиатни муҳофаза қилиш, ободонлаштириш ва кўкаламзорлаштириш бўйича комиссия тўғрисида намунавий низом” Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қарори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

дүзиледи. Комиссия ағзалары саны пуқаралар жыйынындағы халықтың санына жәнеде жумыстың көлеми қарап белгиленеди. Комиссия қурамына ишки ислер уйымларының профилактика инспекторлары, билимлендириў мекемелери, коммунал хызмет көрсетиў шөлкемлери, «Камолот» жаслар жәмийетлик ҳәрекетиниң аймақтағы кархана, шөлкем ҳәм мекемелердеги басланғыш шөлкемниң ўәкиллери, сондай-ақ турмыс тәжрийбесине, халық арасында абыройға ийе болған және өзиниң тәрбиялық тәсирин өткере алатуғын белсенди пуқаралар , солар қатарынан белсенди жаслар киритилиўи мүмкин. Комиссия ағзалары ҳәм баслық пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйыны) тәрепинен еки ярым жыллық мүддетке сайланады.

Бул комиссия аймақта абаданластырыў, көгалландырыў ҳәм қоршап турған орталықты қорғаў мәселелери бойынша халық ортасында үгит нәсият жумысларын ҳәм әмелий ислерди алып барады. Аймақта халықтың үйлерин, ҳәўлилердеги биналарды, ҳәўлилер ҳәм үйлер әтирапындағы аймақларды абаданластырыў, көгалландырыў ҳәм таза сақлаў, балалар ҳәм спорт майданшаларын үскенелеў жоллар, көпириклер, көшелер, піядалар жоллары, коммунал тармақларын қурыў, қайта қурыў, ремонтлаў ҳәм жарамлы ҳалда сақлаў, тарийх ҳәм мәдeният естеликлерин, қәбиристанларды абаданластырыў жумысларында ықтыярый түрде қатнасыўларын шөлкемлестиреди.

Өз ўәкилликлери шеңберинде тийисли аймақта жайласқан кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер басшылары менен аймақты абаданластырыў, көгалландырыў ҳәм экологияға қаратылған жумысларды шөлкемлестиреди. Аймақта халық үй қапталындағы жерлерден сапалы ҳәм дурыс пайдаланылыўын тәмийинлеў бойынша үгит-нәсият ҳәм әмелий жумысларды алып барады. Тийисли аймақта жерлердиң пайдаланылыўы ҳәм қорғалыўы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады.

**Жәмийетлик қадағалаў ҳәм тутыныўшылардың ҳуқықларын қорғаў бойынша комиссия.** Комиссия өз хызметин Конституцияға, нызамларға, басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерге, Пуқаралар жыйыны ҳаққындағы Режеге, пуқаралар жыйыны ҳәм оның кеңеси қарарларына және Пуқаралар жыйынының жәмийетлик қадағалаў ҳәм тутыныўшылардың ҳуқықларын қорғаў бойынша комиссия Реже[1]сине, Қарақалпақстан Республикасында 2013-жылы Жоқарғы Кеңес Президиумының 4-ноябрдеги 247-санлы қарарына муўапық "Пуқаралар жыйынының жәмийетлик кадағалаў ҳәм тутыныўшылардың ҳуқықларын қорғаў мәселелери бойынша комиссиясы ҳаққында" Үлгили Реже[2] қабыл етилди. Бул комиссия өз жумысын реже тийкарында әмелге асырады.

Комиссия пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы) тәрепинен пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақал) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўынан кейин бир ай ишинде 8-10 адамнан ибарат қурамында дүзиледи. Комиссия ағзалары саны пуқаралар жыйынындағы халықтың санына жәнеде жумыстың көлеми қарап белгиленеди. Комиссия қурамына аймақтағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң ўәкиллери, сондай-ақ турмыс тәжрийбесине, халық арасында абыройға ийе болған және өзиниң тәрбиялық тәсирин өткере алатуғын белсенди пуқаралар , солар қатарынан белсенди жаслар киритилиўи мүмкин. Комиссия ағзалары ҳәм баслық пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйыны) тәрепинен еки ярым жыллық мүддетке сайланады.

Бул комиссия тийкарынан нызамлар ҳәм басқа нызам ҳүжжетлериниң, сондай-ақ өз қарарларының орынланыўы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады;

---

[1] "Фуқаролар йиғинининг жамоатчилик назорати ва истеъмолчиларнинг ҳуқуқларини ҳимоя қилиш бўйича комиссия тўғрисида намунавий низом" Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

[2] Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын және де жетилистириў илажлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары, 330-статья. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы. №8, 2013-жыл, июль-декабрь.

Тийисли аймақтағы жерлердиң пайдаланыўы ҳәм қорғалыўы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады;

Саўда ҳәм турмыслық хызмет көрсетиў кәрханаларының жумысы, саўда ҳәм пуқараларға хызмет көрсетиў мәденияты қағыйдаларына бойсыныў үстинен қадағалаўды әмелге асырыўға көмеклеседи;

Халық жасайтуғын пунктлери, суў тәминаты дереклери, турақ жайлар, мектеплер ҳәм басқа билимлендириў мекемелериниң санитария ҳәм экологиялық жағдай үстинен қадағалаўды әмелге асырыўға көмеклеседи;

өртке қарсы қәўипсизлик талапларына, ҳайўанатларды сақлаўға тийисли ветеринария қағыйдаларына бойсыныў үстинен қадағалаўды әмелге асырыўға көмеклеседи;

имаратлар қурыў жәнe ҳәўлилер ҳәм үйлер әтирапындағы аймақларды таза сақлаў қағыйдаларына бойсыныў үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўға көмеклеседи;

мәмлекетлик уйымлар ҳәм олардың басшылары тәрепинен пуқаралардың мүраажатлары орынланыўын қадағалайды.

**Исбилерменлик жумысы ҳәм шаңарақлық бизнести раўажландырыў мәселелери бойынша комиссия.** Комиссия өз хызметин Конституцияға, нызамларға, басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерге, Пуқаралар жыйыны ҳаққындағы Режеге, пуқаралар жыйыны ҳәм оның кеңеси қарарларына жәнe Пуқаралар жыйынының исбилерменлик хызмети ҳәм шаңарақлық бизнести раўажландырыя мәселеси бойынша комиссия Реже[1]сине муўапық әмелге асырады. Комиссия пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы) тәрепинен пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақал) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўынан кейин бир ай

---

[1] "Фуқаролар йиғинининг тадбиркорлик фаолияти ва оилавий бизнесни ривожлантириш масалалари бўйича комиссия тўғрисида намунавий низом" Вазирлар Маҳкамасининг 2013 йил 7 октябраги 274-сон қорори. "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 14 октябрь, 41-сон, 549-модда

ишинде 10-15 ағзадан ибарат қурамында дүзиледи. Комиссия ағзалары саны пуқаралар жыйынындағы халықтың санына жәнеде жумыстың көлеми қарап белгиленеди. Комиссия қурамына “Камолат” жаслар жәмийетлик ҳәрекетиниң аймақтағы кәрхана, шөлкем ҳәм мекемелердеги басланғыш шөлкемлердиң ўәкиллери, тәжрийбели  жеке исбилермен, фермерлер, дийханлар, өнерментшилер, сондай-ақ турмыс тәжрийбесине, халық арасында абыройға ийе болған жәнe өзиниң тәрбиялық тәсирин өткере алатуғын белсенди пуқаралар , солар қатарынан белсенди жаслар киритилиўи мүмкин. Комиссия ағзалары ҳәм баслық пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйыны) тәрепинен еки ярым жыллық мүддетке сайланады.

Халық тәрепинен үй қапталы жерлеринен өнимли пайдаланыўды шөлкемлестириў бойынша пуқаралар жыйыны алдында актуал мәселелер болып қалмақта. Аймақта халық өзиниң үй қапталлары жерлеринен топрақ шараятын есапқа алған ҳалда, шаңарақ ағзаларының жәрдеминде ҳәр түрли мийўелерди ҳәм тағы басқада палызларды ексе, жәнe оған жақсы қараса оның нәтийжесинде шаңараққа керек болған мийўе ҳәм палызларды болған ықтияжын қандырады, соның менен бирге артықша өнимде алыўы мүмкин, ал бул болса өз гезегинде шаңарақ бюджетине қосымша дарамадқа ериседи.

Бундай нәтийжелерге имкан қадар ерисиў ҳәм оны раўажландырыў ушын Өзбекистан Республикасы Президенти ҳәм Министрлер Кабинети тәрепинен бир қанша норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл етилген[1].

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2006 йил 11 январдаги «Мева-сабзавотчилик ва узумчилик сохасини ислох қилиш бўйича ташкилий чора-тадбирлар тўғрисида»ги ПҚ-255 қарори; Ўзбекистон Республикаси Президентининг  2009 йил 26 январдаги «Озиқ-овқат махсулотларини ишлаб чиқаришни кенгайтиришни ва ички бозорни тўлдириш юзасидан чора-тадбирлар тўғрисида» ги ПҚ-1047-сонли қарори; Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Махкамасининг 2009 йил 5 декабрдаги «2010 йилда мева-сабзавот, картошка, полиз ва узум ишлаб чиқариш ҳамда улардан фойдаланиш прогноз кўрсаткичлари тўғрисида»ги 306-сонли қарори; Вазирлар Махкамасининг «Республикада 2011 йилда сабзавот, полиз, картошка, мева, узум махсулотларини етиштиришни 30-40 % кўпайтириш, қайта ишлаш, экспорт қилиш, ички истеъмол бозорини тўлдириш, янги боғ токзорлар ва интенсив боғлар барпо этиш чора-тадбирлари тўғрисида»ги йиғилиш қарори. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари ҳузуридаги тадбиркорлик фаолиятини ривожлантиришга кўмаклашиш бўйича маслаҳат марказининг Намунавий низоми (АВ томонидан 08.08.2013 й. 2499-сон билан рўйхатга олинган 24.06.2013 й. Иқтисодиёт вазирлигининг 36-сон, Молия вазирлигининг 62-сон, Давлат солиқ қўмитасининг 2013-34-сон қарори билан тасдиқланган);

Комиссия пуқаралар жыйыны ағзалары тәрепинен киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик, шаңарақлық бизнес, өнерментшилик, шарўашылық, дийханшылық, жеке үй қапталы хожалығы менен шуғылланыў мәдениятын раўажландырыўға көмеклесиў және олардың жеке басламасын қоллап-қуўатлаўға тийисли әмелге асырылған ис-илажлар; киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик, шаңарақлық бизнес, өнерментшилик, шарўашылық, дийханшылық, жеке үй қапталы хожалығы хызмети сапалығын асырыў бойынша тийисли мәмлекетлик уйымларға қаратылған усынıслар; жумысқа қәбилетли пуқараларды анықлаў, олардың кәсиби (қәнигелиги), қәнигелиги, билими ҳәм көнликпеси, қызығыўшылығына қарап олардың бәнтлигин тәмийинлеў; исбилерменлик пенен шуғылланыўын билдирген пуқараларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртип-қағыйдалар, жеңилликлер, мәмлекетлик дизимнен өткериў, мийнет қатнасықларына кирисиў ҳәм басқа мәселелер бойынша әмелге асырылатуғын үгит-нәсият жумысларын ҳәм тағы басқаларына көмеклеседи.

Буннан тысқары пуқаралар жыйынында **тексериў комиссиясы** дүзиледи. Тексериў комиссиясы пуқаралар жыйыны тәрепинен оның ўәкиллик дәўири ушын сайланады және кеминде үш ағзадан ибарат болады. Тексериў комиссиясы сайлаўды өткериў ушын пуқаралар жыйыны қарары менен исши топар дүзиледи. Исши топар тексериў комиссиясы ағзаларынан сайлаў ушын пуқаралар жыйынына талабанлар усынады. Тексериў комиссиясы ағзасы басқа пуқаралар жыйынында лаўазым ийелеўи мүмкин емес.

Тексериў комиссиясы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының финанс-хожалық хызметин тексериў ушын дүзиледи ҳәм ол өз жумысында ғәрезсиз және тек ғана пуқаралар жыйынына есабат береди.

Тексериў комиссиясы өзиниң жумысы көлеминде төмендеги ўәкилликлерге ийе:

-пул ҳәм материаллық байлықлардың дурыс сарпланыўы, пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымларының меншигиниң сақланыўын тексериўге;

- , пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен дүзилген түрли фондлардың дурыс дүзилгенлиги ҳәм ислетилиўи;

-есапшы есабатлары бойынша бар товар-материал байлықларының бар екенлигин ҳәм мақсетке муўапық ислетилиўи;

-бухгалтер ҳәм статистикалық есабатлардың дурыс жүритилиўи.

Район орайынан алыста жайласқан ҳәм барыў қыйын болған аўыллар ҳәм елатларда нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған ҳәкимшилик комиссиясы дүзиледи.

Қарақалпақстан Республикасы "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"ғы нызамның 11-статьясына муўапық пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин, пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиясының баслықларын ҳәм ағзаларын сайлайды: пуқаралар жыйыны кеңеси ҳәм пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар жумысының тийкарғы бағдарларын белгилейди: ҳәр шеректе олардың есабатларын тыңлайды: ал усы нызамның 13-статьясына муўапық: пуқаралар жыйыны кеңеси пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар жумысын муўапықластырады[1] деп көрсетилген.

Жоқарыда көрсетилген комиссиялардың жыллық жумыс режеси үш бөлимнен ибарат: биринши бөлимде комиссиялар пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы) додаланыўына киритиўи лазым болған мәселелерди үйрениўди режелестиреди; екинши бөлимде пуқаралар

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

жыйыны кеңесинде додалаў ушын таярланатуғын мәселелер нәзерде тутылады; үшинши бөлимде комиссиялардың өз жыйналысларында додалаўға қаратылған, өз жумысы менен байланыслы мәселелер көриледи. Комиссиялар өз жыллық режелерин пуқаралар жыйыны, пуқаралар жыйыны кеңеси жыллық режелерин есапқа алған ҳалда дүзеди.

Пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар мәжлислерин өткериўдиң биринши басқышында: үйрениў ушын машқаланы яки мәселени таңлаўҳәм ол бойынша жуўмақ таярлаўшы жуўапкер шахсты белгилеў; үйренилип атырған мәселе бойынша зәрүр мәлимлемени алыў дереклерин таңлаў (үйрениўлер, мағлыўматлар, түсиндириўлер сораў ҳ.т.б.); мәселени таярлаўға жәмәәтлик ўәкиллердиң қатнасыўын белгилеў.

Екинши басқышта: үйренилип атырған мәселе бойынша зәрүр мәлимлемелерди топлаў; мәселени үйрениў ушын мәлимлеме топлаўға зәрүр болған комиссия ағзалары ҳәм белсендилерин қатнастырыў жәнe олар ортасында ўазыйпаларды бөлистириў; үйренилиўи зәрүр болған бағдарларды анықлаў ҳәм ол бойынша еслетпе (саўалнама) ислеп шығыў; мәлим бир тараўды үйрениў режесин пуқаралар жыйыны баслығы ҳәм жуўапкер хаткер менен келисип алыў; ис материалларын усыныў мүддетлерин анықластырыў; жуўапкер шахс тәрепинен мәлимлемелерди улыўмаластырыўшы ҳүжжет формасы ҳәм мүддетлерин белгилеў.

Үшинши басқышта: топлаған мәлимлемени (мағлыўматты) улыўмаластырыў ҳәм додалаў; анық ис-илажлар белгиленген жуўмақлаўшы ҳүжжет жойбарын таярлаў (жуўмақ, мағлыўматнама).

Төртинши басқыш: комиссия баслығы яки жуўапкер ағзаның жуўмақлаў ҳүжжет жойбары ҳәм мәселени шешиўге қаратылған усыныслары бойынша баянатын тыңлаў; сол баянатты додалаў; ислеп шығылған усыныслар ҳәм қарар жойбарын додалаў; анық ис-илажлар ҳәм усынысларды өз ишине алған қарарлар қабыл етиў.

Жоқарыда көрсетилген комиссиялар жыйналысы баслық, баслық себепли жағдайлар менен қатнаса алмаған жағдайда комиссия ағзаларынан бири алып барады. Барлық мәселелер бойынша ашық даўыс бериў арқалы көпшиликтиң даўысы менен қабыл етиледи. Комиссия жыйналысы өткерилген сәне, қатнасқан ағзалар саны, күн тәртиби ҳәм қабыл етилген қарарлар көрсетилген баяннама жазылады. Комиссияның баяннамасы ҳәм қарары комиссия баслығы ҳәм хаткери тәрепинен имзаланады. Комиссия баслығы жоқлығында, комиссия жыйналысының баяннамасы ҳәм қарары комиссия баслығының орынбасары ҳәм хаткери тәрепинен имзаланады. Комиссиялар усыныс қәсийетине ийе болған қарарлар қабыл етеди ҳәм қарарға қосып мағлыўмат етиледи.

Жуўмақлап айтқанда пуқаралар жыйынлары қасындағы тийкарғы хызмет бағдарлары бойынша комиссиялар жумысын тәртипке салып турыўшы режелерди жетилистириў, сондай-ақ комиссиялар қурамын өз қәлеўи бар, пуқаралар жыйыны аймағында жасаўшы абройлы, халыққа өз тәсирин өткизе алатуғын пуқараларды (мәселен, ҳажы ата-аналар) қатнастырыўы лазым.

## 2.2. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ўазыйпаларын әмелге асырыўда мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жәмийетлик шөлкемлер менен социаллык шериклик қатнасықларының әҳмийети

Бүгинги күнде “Күшли мәмлекеттен күшли жәмийетке қарай пирципиниң турмысқа изшил енгизилиўи нәтийжесинде халықтың кең қатламлары исеними ҳәм қоллап-қуўатлаўына ерисип атырған пуқаралық жәмийеттиң ҳәр қыйлы институтлардың қалиплесиўи ҳәм раўажланыўы процесси бармақта. Бул процесс пуқаралық жәмийети искерлигин тәртипке салыў, оларды қоллап-қуўатлаў, жәмийеттеги актуаль социал-экономикалық машқалаларды шешиўде олардың ролин асырыўға қаратылған 200 ден артық нызамшылық ҳүжжетлери қабыл етилди.

Сол орында пуқаралық жәмийети интситутларына қандай шөлкемлер кириўине анықлық киритиўге итибар қаратамыз. Пуқаралық жәмийети институтларына мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер (яғный, жәмийетлик бирлеспелер, жәмәәтлик фондлар, мекемелер ҳәм нызамда белгиленген басқа шөлкемлер), пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, мәмлекетлик емес ғалаба хабар куралллары ҳәм басқалар киреди. Усы жерде соны айтып өтиў орынлы, бүгинги күнде пуқаралық жәмийети институтлары раўажланған ҳәм кең тарқалған шөлкемлерге айланды. Республикамызда ҳәзирги күнде 5100 ден артық мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер , Қарақалпақстан Республикасында 401ге жақын пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызмет көрсетип атыр.

Усы параграфта пуқаралық жәмийеттиң ажыралмас бөлими болған пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының социаллық-экономикалық мәселелерин шешеиўде мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен социаллық шериклик мәселелерин үйренип шықпақшымыз.

Ең алды менен социаллық шериклик дегенимиз не? деген сораўға төмендегише жуўап бериўге болады.

Ҳуқықый мәмлекеттиң тийкарғы принциплеринен бири ҳәм шахстың өз-ара жуўапкершилиги принципи болып, бунда үстинлик пуқараның ҳуқық ҳәм еркинликлерине бериледи.

Бул принциптиң мазмуны соннан ибарт, мәмлекетлик социаллық әдиллик, пуқаралардың абаданлығы, олардың социаллық қорғаў ҳаққында қайғырыў миннетлемесин алады, социаллық бағдарланған сиясатты өзиниң тийкарғы ўазыйпасы Конституцияда белгиленген бағдарларды сапалы әмелге асырады.

Усы принциплерден келип шыққан ҳалда мәмлекет, өз уйымлары арқалы турақлы түрде экономикалық ҳәм социаллық тараўды

раўажландырыў, социаллық саҳадағы машқалаларды шешиў бойынша ис-илажларды әмелге асырады. мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары пуқаралық жәмийеттиң тийкарғы элементлери болып есапланады, сол себепли олардың мәмлекет пенен бирге ислесиўи жоқарыда көрсетилген принциплер тийкарында қәлиплесип барады.

Жәмийеттеги барлық шөлкемлер шәртли түрде үш секторға бөлинген: “биринши сектор” – мәмлекетлик уйымлар ҳәм мекемелер; “екинши сектор” – коммерциялық шөлкемлер; “үшинши сектор” – пуқаралық жәмийети институтлары. Жәмийет, ондағы социаллық қатнасықлар раўажланып барған сайын усы үш секторда раўажланып, олардың мәплери кеңейип барады.

Мәмлекеттиң социаллық саҳадағы барлық мәселелерин шешиў ўазыйпасын өз мойнына алыў жәмийетте мәмлекет қатнасының асып кетиўи, бул тараўда мәмлекетлик қаржылардың көп бөлими сарпланып кетиўи, пуқаралардың белсендилигин пәсейтип жибериўи қәўпин пайда етеди. Сол себепли, 1) мәмлекеттиң өз ўазыйпаларының бир бөлимин пуқаралық жәмийети институтлары (пуқаралар жыйыны, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери)не өткериў; 2) пуқаралардың белсендилигин асырыў арқалы пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў және оның институтларын раўажландырыў; 3) бизнестиң социаллық жуўапкершилигин асырыў, бюджет қәрежетлерин кемейтириў мәселелери актуаль әҳмийетке ийе.

Жоқарыдағы машқалаларды шешиўде усы үш сектордың бирге ислесиўине ықтияж пайда болады. Социалық-шериклик, бул үш сектордың мәплерин муўапықластырыў ҳәм келисимге ерисиў, социаллық-экономикалық мәселелерди шешиўде өз-ара шериклик болып есапланады.

Демек, социаллық шериклик – мәмлекетлик уйымлардың мәмлекетлик емес коммерциялық емес ҳәм пуқаралық жәмийеттиң басқа

институтлары менен: мәмлекетти социаллық-экономикалық раўажландырыў дәстүрлерин, соннан тараў, аймақлық дәстүрлерин; сондай-ақ норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди және пуқаралардың ҳуқықлары нызамлы мәплерине тийисли болған басқа қарарларды ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў барысындағы бирге ислесиўи болып табылады.

**Социаллық шериклик тараўлары:**

- Халықты социаллық қорғаў, қоллап-қуўатлаў ҳәм оның социаллық белсендилигин асырыў;
- Халықтың бәнтлигин тәмийинлеў, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти, фермерликти раўажландырыў;
- Қоршап турған орталықты, халықтың саламатлығын қорғаў ҳәм саламат турмыс тәризин орнатыў;
- Ҳәр тәреплеме бәркамал ҳәм саламат жас әўладты жетилистириў, жасларға билим бериў, оларды руўхыйлық-ағартыўшылық жағынан тәрбиялаў ҳәм кәсипке бағдарлаў;
- Аналық ҳәм балалықты, сондай-ақ ҳаял-қызлардың ҳуқықларын қорғаў, олардың мәмлекетте жәмийетлик-сиясий, социал-экономикалық, мәдений турмыста толық қатнасыўын тәмийинлеў, саламат шаңарақты қәлиплестириў;
- Пән, тәлим, мәлимлестириў, мәдeният ҳәм спорты раўажландырыў;
- Халықтың ҳуқықый билимин, ҳуқықый санасын ҳәм ҳуқықый мәдениятын жоқарылатыў, пуқаралық жәмийет ҳәм демократиялық ҳуқықый мәмлекет тийкарларын беккемлеў;
- Миллетлераралық татыўлық ҳәм пуқаралар татыўлығы идеяларын беккемлеў, көп әсирлик, дәстүрлерди және тарийхый-мәдений қәдириятларды тиклеў ҳәм сақлаў;
- Тутыныўшылардың ҳуқықларын қорғаў.

Мәмлекет, исбилерменлик субъектлери ҳәмде пуқаралық жәмийети институтларының социаллық шерикликги белгили социаллық мәселени

шешиўде интеллектуал потенциалын, инсан, материаллық-техникалық ҳәм финанслық ресурсларды бирлестириў имканиятын береди.

Социаллық шерикликтиң зәрүр қәсийетлеринен бири- бул социаллық шериклик тәреплердиң ҳуқық ҳәм миннетлемелерине бойсыныў ҳаққындағы өз-ара келисим емес, ал бәлким олар арасындағы жоқары әдеп-икрамлылық қағыйдалары жыйындысы.

Социаллық шерикликти базар экономикасына тийкарланған мәдениятлы жәмийетке тән болған социаллық қатнасықлардың өзине сай түри сыпатында қараў мүмкин. Социаллық шериклик – бул, **биринширден,** улыўма мәплер ҳәм көз –караслар менен бирге пүткиллей ажыралып турыўшы социаллық, экономикалық ҳәм сиясий мәплерге ийе тәреплер арасындағы қатнасықлар болып есапланады; **екиншиден**, ол тәреплердиң қарама-қарсылығына емес, ал бәлким социаллық консенсус (келисим)ға ерисиўге тийкарланады; **үшиншиден**, бул сондай қатнасықлар түри, оны әмелге асырыўдан барлық социаллық топарлар жәнe мәмлекет мәпдар болады, себеби мине усы социаллық шериклик шараятында жәмийетте социаллық тураклылыққа, оның раўажланыўына, сондай-ақ социал-экономика тараўының раўажланыўына ерисиледи.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянатында[1]: пуқаралық жәмийети институтларының жәнеде раўажланыўына ерисиў, әмелге асырылып атырған реформалардың ашықлығы, жәриялылығына ҳәм сапалылығын тәмийинлеўде, олардың ролин күшейтириўде “Социаллық шериклик

---

[1] И.А.Каримов «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисиндеги баянаты.

ҳаққында"ғы нызамды қабыл етиў үлкен әҳмийетке ийе екенлигин билдирген еди.

Мине усы жоқарыдағыларға тийкарланып 2013-жылы 5-июль күни "Социаллық шериклик ҳаққында"ғы Өзбекистан Республикасы нызамы қабыл етилди. Бул нызамның ўазыйпасы социаллык шериклик қатнасықларын, социаллық шерикликти әмелге асырыў принциплери ҳәм механизмин тәртипке салыўға қаратылған, ден-саўлықты сақлаў, қоршаған орталықты қорғаў, халық, әсиресе жасларды жумыс пенен тәмийинлеў, халықтың социаллық қорғаўға мүтәж қатламларын социаллық қоллап қуўатлаў, жәнеде зәрүр социаллық әҳмийетке ийе мәселелерди де шешиўге қаратылған.

Соның менен бирге нызамда социал-экономикалық раўажланыў дәстүрлерин әмелге асырыў, гуманитар мәселелерди шешиў, мәмлекетимиз халқы түрли қаламларының ҳуқық ҳәм еркинликлери, нызамлы мәплерин қорғаўда мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң мәмлекетлик дүзилмелер менен өз-ара қатнасықлардағы анық шегараларын белгилеў ҳәм шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый механизмлерин жетилистириў сыяқлы мәселелер бойынша ҳуқықый нормалар көрсетилген.

Социаллық шерикликти әмелге асырыў да пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының қатнасы бир қатар өзине тән қәсийетлерине ийе:

бириншиден, пуқаралар жыйынының өзине тән қәсийетлеринен бири- оның белгили аймақтағы барлық пуқаралардың улыўма мәселелерди шешиўде бирлесиўи болып табылады;

екиншиден, пуқаралар жыйынының аймақлық қәсийети, яғный пуқаралар жыйыны белгили бир аймақта дүзилип, өз жумыс сол аймақта әмелге асырыўы;

үшиншиден, пуқаралар жыйыны ўәкилликлериниң кеңлиги. Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер өз уставында

белгиленген ўазыйпалардан келип шығып тийкарынан бир бағдарда социаллық шериклик бойынша искерлик алып барса, пуқаралар жыйыны нызамда белгиленген ўазыйпалардан келип шығып ҳәр түрли бағдарда социаллық жойбарларды әмелге асырыў имканиятына ийе болады.

Қарақалпақстан Республикасы "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"ғы Нызамның 11-статьясына муўапық поселка, аўыл ҳәм қаладағы мәкан пуқаралар жыйынының ўәкилликлери көрсетилген. Онда поселка, аўыл ҳәм қаладағы пуқаралар жыйыны:

Қоршап турған орталықты қорғаўға көмеклеседи;

Коммуналлық төлемлердиң өндирилиўин тәмийинлеў, ыссылық ҳәм электор энергиясынан, ыссы ҳәм суўық суўдан үнемли пайдаланыў бойынша илажлар өткериўде, тийисли аймақты абаданластырыў ҳәм көгалландырыў, турақ жайлар ҳәм ҳәўлилерди үлгили сақлаўға тийисли жумысларды ықтыярлы рәўиште шөлкемлестириўге шәртнама тийкарында көмеклеседи;

Социаллық инфраструктураны раўажландырыў, тийисли аймақта абанластырыў, көгалландырыў ҳәм санитариялық жақтан тазалаў, кем тәмийинленген шаңарақлардың турақ жайларын ҳәм квартираларын оңлаўда, сондай-ақ коммуналлық хызметлерди төлеўде жәрдем көрсетиў ушын ықтыярлы тийкарда физикалық шахслардан қаржы жыйнаў, юридикалық шахслардың қаржыларынан шәртнама тийкарында пайдаланыў ҳаққында қарарлар қабыл етеди[1].

Сондай-ақ, усы нызамның 13-статьясына муўапық пуқаралар жыйынының кеңеси:

Ғалаба-сиясий, руўхый-ағартыўшылық, мәдений, спорт илажларын ҳәм басқа да илажларды, сондай-ақ қорғалатуғын тәбийий аймақларды пайда етиў, қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў бойынша илажларды

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

өткериўде, тийисли аймақтың, суў тәмийнаты дереклериниң, турақ жайлардың, билимлендириў мекемелериниң санитариялық ҳәм экологиялық жағдайы, өртке қарсы қәўипсизлик талапларының, ҳайўанларды сақлаўдың ветеринария-санитариялык қағыйдаларынын, саўда қағыйдалары ҳәм пуқараларға хызмет көрсетиў мәдениятының сақланыўы үстинен кадағалаўды әмелге асырыўда тийисли мәмлекетлик уйымларға көмеклеседи;

Жас әўладты тәрбиялаў мәселелери бойынша билимлендириў мекемелери менен биргеликте ислеседи;

Өзгелер күтимине мүтәж жалғыз кексе пуқараларға патронажлы жәрдемниң усы мақсетте ажыратылған мәмлекетлик бюджет қаржылары есабынан көрсетилиўине көмеклеседи;

Тийисли аймақта жасаўшы пуқаралардың бәнтлигин тәмийинлеўге, соның менен бирге үйинде жумыс ислеўин шөлкелестириўге көмеклеседи;

Тийисли аймақта жәмийетлик тапртипти ҳәм жәмийетлик қәўипсизликти тәмийинлеўде, соның менен бирге пуқаралардың келиўи ҳәм кетиўин есапқа алыўды шөлкемлестириўде, жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәмде ҳуқықбузыўшылықлардың профилактикасына тийисли жумысларды ҳәм олардың ҳуқықларын қорғаўда ҳуқық қорғаў уйымларына көмеклеседи.

Көрип турғанымыздай, пуқаралар жыйыны ҳәм пуқаралар жыйыны кеңесиниң түрли мәмлекетлик уйымлары менен, яғный жергиликли ҳәкимият уйымы, мийнет ҳәм спорт ислери бойынша, ишки ислер, халық тәлими, жоқары ҳәм орта арнаўлы тәлим, ден-саўлықты сақлаў, тәбиятты қорғаў ҳәм басқа мәмлекетлик уйымлар, түрли кәрханалар менен бирге ислесиўи нызамда өз көринисин тапқан.

Бүгинги күнде пуқаралар жыйыны тәрепинен жоқарыдағы уйымлар менен социаллық шериклик қатнасықлары биргеликте шаралар көриў формасында әмелге асырылмақта. Соннан:

Пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялар, диний ағартыўшылық ҳәм руўхый-әдеплилик тәрбия мәселелери бойынша кеңесгөйи жәнеде “Мәкан сақшысы” жәмийетлик дүзилмеси тәрепинен мәканның руўхый орталығына кери тәсир көрсетиўи мүмкин болған түрли иллетлерди сапластырыў, тыныш болмаған шаңарақларды анықлаў ҳәм оларға жәрдем бериў, бундай шаңарақлар менен жеке тәртипте ислесиў ҳәм сәўбетлесиўлер өткериў, ҳаял-қызлар, әсиресе, жаслар арасын саламат турмыс тәризин ҳәм миллий дәстүрлер, үрп-әдетлерди үгит нәсиятлаў сыяқлы әмелий ислерди “мәкан сақшысы” сәрдарларын ҳәм түрли багдардағы коммисиялар менен биргеликте әмелге асырмақта.

Жуўмақлап айтқанда мәмлекетимизде “Социаллык шериклик ҳаққында”ғы нызамның кабыл етилиўи менген пуқаралар жыйынлары ҳәм мәмлекетлик уйымлары арасындағы социаллык шериклик қатнасықлары турақлы түрде жолға койылды. Бунда социаллык шериклик қатнасықлары тәреплер арасындағы дүзилген бас келисимлер ҳәм социаллық жойбарларын әмелге асырыў бойынша шәртнамалар тийкарына қурылыўы, хызметкер, усы бас келисимлер ҳәм шәртнамалар менен социаллық шерикликти әмелге асырыў механизми, оларды финанслық тәмийинлеў, тәреплердиң ҳукық ҳәм миннетлемелери тәртипке салынады.

Социаллык шериклик қатнасықлары раўажланған сайын мәмлекетлик уйымлар тәрепинен пуқаралық жәмийет институтларына берилетуғын мәмлекет грантлары ҳәм мәмлекетлик социаллық буйыртпалар көбейип барады. Сол себепли социаллық әҳмийетке ийе мәселелерди шешиў ушын мәмлекетлик грантлар ҳәм мәмлекетлик социаллық буйыртпалардан пайдаланыўды кеңейтиў мақсетинде жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары жанында да жергиликли бюджетлер есабынан финансластырылатуғын жәмәәт фондларының дүзилиўи мақсетке муўапық болды. Бул жәмәәт фондларының дүзилиўи

жергиликли көлемдеги мәселелерди шешиўде сапалылығын асырыўға хызмет етеди.

## 2.3. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийетлик қадағалаўды әмелге асрыўдағы орны.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов «Пуқаралық жәмийети институтлары, соның ишинде, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийет ҳәм мәмлекетлик қурылыс системасындағы ҳуқықлары жәнe ўәкилликлерин кеңейтиўге қаратылған нызамшылықты жетилистириў мәселеси әҳмийетли бағдарға айланыўы зәрүр»[1]-дейди. Бүгинги күнде орынларда пуқаралардың ең әҳмийетли машқалаларын өз ўақтында жәнe табыслы шешиў, олардың мәплерин қорғаўда мәҳәлле системасының тәсири ҳәм әҳмийетиниң қаншелли артып атырғанын ҳәммемиз жақсы билемиз. Мәҳәлленың халқымыздың, әсиресе, жасларымыздың руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбиясы менен байланыслы мәселелерди шешиў, социаллық саланың нәтийжели жумыс жүргизиўин тәмийинлеў, орынларда жәмийетлик тәртипти ҳәм қәўипсизликти сақлаў бойынша үлеси барған сайын артып бармақта.

Жәмийетлик қадағалаў жәмийет ҳәм мәмлекет ортасындағы қатнасықларды көрсетиўши ҳәдийсе болып, ол бул еки жәмийетлик институт ортасында ғалабалық ҳәм жеке мәплер тең салмақлығын сақлаўға хызмет етеди.

Ҳәзирги заман мәмлекет системалары жәмәәтшиликтиң белсенди қадағалаўысыз әмел қыла алмайды. Жәмийетлик қадағалаў пуқаралық жәмийетти пайда етиўдиң ҳәм ҳуқықый демократиялық мәлекет қурыўдың зәрүрли шәрти сыпатында болады. Ҳәзирги ўақытта жәмәәтлик қәдағалаў

---

[1] И.А.Каримов "Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш-устувор мақсадимиздир". Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза, 2010 йил 27 январь

усы институтлар хызметиниң сапалылығын белгилеўши көрсеткиш, және де мәмлекетте нызамлылықты тәмийнлеўши кепиллик сыпатында ҳәрекет етеди.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийетлик қадағалаўдағы орны зәрүр екенлиги «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы нызамда оған берилген анықламаданда билип алса болады. Соннан «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыўы-пуқаралардың Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Конституциялары, нызамлары менен кепилленетуғын, олардың өз мәплеринен раўажланыўдың тарийхый өзгешеликлеринен, сондай-ақ миллий ҳәм руўхый қәдириятларынан, жергиликли үрп-әдетлерден ҳәм дәстүрлерден келип шыққан рәўиште жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди шешиў бойынша бийғәрез жумысы болып табылады»[1].

Усы түсиник ҳәм де әмелдеги басқа нызам ҳүжжетлериниң мазмун мәниси ҳәм талапларынан келип шығып, бизиң пикиримизше пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен әмелге асырылатуғын жәмийетлик қадағалаўдың өзине тән қәсийетлери төмендегилерден ибарат болыўы мүмкиншилигин айтып өтиў орынлы:

-пуқаралардың поселкаларда, аўылларда ҳәм макан кеңеслерде өзин-өзи басқарыў менен байланыслы өз конституциялық ҳуқықын пуқаралардың сайлаў ҳуқықлары кепилликлерине муўапық пуқаралар жыйынлары (ўәкиллер жыйналысы) арқалы әмелге асырады;

-олардың жумысы демократизм, жәриялылық, социаллық әдиллик, адамгершилик, жергиликли әҳмийеттеги мәселелерди шешиўде ғәрезсизлик, жәмийетлик тийкарда өз-ара жәрдем сыяқлы принциплерге тийкарланады;

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

-олар жәмийетлик қадағалаўды поселкалар, аўыллар ҳәм макан-кеңеслерде, яғный өзлериниң аймақлық бирликлерин орнатады;

-мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиўи ҳәм раўажланыўы ушын зәрүрли болған мүмкиншиликлерди жаратады, олардың жумысларына араласыўға жол қоймайды, пуқараларға өзин-өзи басқарыў менен байланыслы ҳуқықларын әмелге асырыўда көмеклеседи;

-пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары қурамына кирместен юридикалық шахс ҳуқықларынан пайдаланған ҳалда, өз ўәкилликлерин өзлери ғәрезсиз әмелге асырады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жәмәәтлик қадағалаўды орнатыўда белгили тосықларға ушрамаслықларын ҳәм оны тәмийинлеў мақсетинде жоқарыда көрсетилген нызам менен оларға нызам ҳүжжетлери шеңберинде қәлеген мәселени өзи көрип шығыў ушын алыў ҳәм шешиў ҳуқықы берилген.

Буннан тысқары пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жоқарыдағы ҳуқықтан ҳәм нызам ҳүжжетлеринде берилген ўәкилликлерден пайдаланған ҳалда, жәмийетлик қадағалаўды төмендеги бағдарларда әмелге асырыўы мүмкин:

-нызамлар ҳәм басқа нызам асты ҳүжжетлериниң, сондай-ақ өз қәрарларының орынланыўында;

-аймақта комплексли раўажландырыўды тәмийнлеў;

-аймақты абаданластырыў, иморатлар қурыў ҳәм де ҳәўлилер ҳәм үйлер әтирапында аймақларды таза тутыў қағыйдаларына бойсыныўда, сондай-ақ олардың санитария жағдайын жақсылаўда;

-аймақта тойлар ҳәм мәрәсимлер өткизиўде;

-пул қаржыларының мақсетли сарпланыўында;

-ҳаял-қызлардың мәплерин қорғаў, олардың жәмийетлик турмыстағы, шаңарақта, жас әўладтты тәрбиялаўдағы статусын асырады;

-тийисли аймақта жәмәәт тәртибин тәмийнлеўде , соннан пуқаралардың келиўи ҳәм кетиўи есапқа алыныўын шөлкемлестириўде өспримилер ҳәм жаслар арасында ҳуқықбузарлықтың алдын алыўда, ер жетпегенлердиң ҳуқықын қорғаўда.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары тәрепинен нызам ҳүжжетлериниң орынланыўы үстинен жәмийетлик институтларының қадағалаўын әмелге асырыўдың системалы және нәтийжели ҳуқықый механизмин жаратыўға қаратылған “Өзбекстан Республикасында жәмийетлик қадағалаў ҳаққында”ғы Нызамды қабыл етиў ўақты келди. Нызамда жәмийетлик қадағалаўдың түрлери, формалары ҳәм субъектлерин, қадағалаў предметин, оны әмелге асырыўдың ҳуқықый механизмлерин, сондай-ақ, бул салада әмелдеги нызам ҳүжжетлерин орынламағаны ушын лаўазымлы адамлардың жуўапкерлиги шәртлерин белгилеп қойыў зәрүрлигин билдиреди

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянатында[1]: пуқаралардың өзин-өзи басқарыў институты-мәҳәлле жумысының шөлкемлестириўшилик тийкарларын буннан былайда жетилистириў, оның ўазыйпаларының көлемин кеңейтириў, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары менен өз-ара тығыз қатнасықларын тәмийнлеў айрықша үлкен әҳмийетке ийе екенлигин турмыс көрсетпекте.

---

[1] И.А.Каримов «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисиндеги баянаты.

2013-жылы 5-июль күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң он үшинши сессиясында «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамның 16-статьясына муўапық[1]: жәмийетлик қадағалаў пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен төмендеги түрлерде әмелге асырылады:

*тийисли аймақта нызамлар ҳәм баскада нызам актлериниң орынланыўы жағдайын үйрениў;

*тийисли шаралар көриў ушын мәмлекетлик уйымларға мүрәжат етиў;

*мәмлекетлик уйымлардың ўәкиллигине кириўши ҳәм социаллық әҳмийетке ийе мәселелер бойынша сораўлар жибериў.

Жәмийетлик қадағалаў нызамшылыққа муўапық басқа да түрлерде де әмелге асырылыўы мүмкин. Яғный, жәмийетлик қадағалаў ғалаба хабар қураллары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм басқа да шөлкемлер менен биргеликте әмелге асырылыўы мүмкин.

Мәмлекетлик уйымлар пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўда көмеклесиўи ҳәм нызамшылыққа муўапық олардың мүрәжатлери бойынша өз ўақтында илажларын көриўи шәрт.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийетлик қадағалаўын әмелге асырыўға болған ҳуқықлары елимиздиң тийкарғы нызамы есапланған Конституциямыздың тийисли статьяларындағы норма ҳәм қағыйдалары менен қатар төмендеги норматив-ҳуқуқый ҳүжжетлерде: “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы (10-12-ст.), “Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер ҳаққында”ғы (16-ст.), “Дийқан хожалығы ҳаққында”ғы[2] (25-ст.), “Мәдений мийрас объектларин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў ҳаққында”ғы(9-ст.), “Өрт қәўипсизлиги ҳаққында”ғы (9-ст.),

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

[2] 1998-жыл 28-ноябрде қабыл етилген, 2001-жыл 28-декабрь, 2004-жыл 29-май, 2007-жыл 5-октябрь, 2009-жыл 25-апрель, 2010-жыл 22-май, 2010-жыл 28-декабрь ҳәм 2011-жыл 30-июнда өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилген.

«Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы ҳаққында»[1]ғы (19-ст.) Қарақалпақстан Республикасының Нызамларында ҳәм басқаларда[2] өз негизин тапқан.

«Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамның 16-статьясына муўапық жәмийетлик қадағалаўы нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа формаларда да әмелге асырылыўы мүмкин[3], - деп кепиллестирилген. Усы нызамның 11-12 ҳәм 13-статьяларына муўапық, өзин-өзи басқарыў уйымларының белгиленген аймақ көлеминде әмелге асырылатуғын нызамлы ўәкиллик көлеми белгилеп өтилген. Сол норма тийкарында пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў ҳәм қорғаўға қаратылған мәселелерди классификациялаған ҳалда шәртли түрде еки топарға ажыратып илимий талықлаў мақсетке муўапық.

Жоқарыда пуқаралар жыйыны жумысының тийкарғы бағдарлары бойынша комиссиялардың жумысын шөлкемлестириў тәртиби, социаллык шериклиги ҳәм жәмийетлик қадағалаўдағы мәселелери изертленди. Соның тийкарында бул бап бойынша төмендегилерди усыныс етемиз:

1. «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Нызамның 11-статьясына муўапық ҳәр шеректе пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) комиссиялардың есабатын тыңлайды деген ўәкиллиги көрсетилген. Бирақ тилекке қарсы бул есабатлар тек қағаз бетинде көрсетилмекте, сол себепли усы нормаға тийисли олардың есабат бериўде жуўапкершилигин белгилейтуғын нызам асты акты қабыл етилиўи лазым.

2. Комиссия ағзалығына сайланатуғын талабанларға қойылатуғын талаплар, соның менен биргеликте усы комиссия ағзаларына мийнет

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы.,№4 (13) 2011-жыл июль-декабрь. 48-б.
[2] К.Хамидова. “Ўзбекистон Республикасида жамоатчилик назорати тўғрисида”ги қонун лойиҳасининг тайёрланиш босқичлари. Жамоатчилик назорати ва унинг шакллари: илмий назарий жиҳатлари. Тошкент 2012. 30-б.
[3] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамны. 2013-жыл 5-июль.

нызамшылығы бойынша төленетуғын мийнет ҳақысы да абстракт формада қалған, сол ҳуқықый бослықты толтырыў әҳмийетли мәселедур.

3. Аймақтағы шаңарақлардың жағдайын үйрениў ҳәм мониторинг алып барыў, аныкланған мәселелер шешимин табыўдың шараларын көриўде жәнe шаңарақтағы келиспеўшиликлерди сапластырыўда мәкандағы белсендилерди үлгили шаңарақлар ағзаларын комиссия қурамына киргизиў;

4.Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары тәрепинен нызам ҳүжжетлериниң орынланыўы үстинен жәмийетлик институтларының қадағалаўын әмелге асырыўдың системалы жәнe нәтийжели ҳуқықый механизмин жаратыўға қаратылған “Жәмийетлик қадағалаў ҳаққында”ғы Нызамды қабыл етиў керек. Ода жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўдың ҳуқықый механизмлерин, сондай-ақ, бул салада әмелдеги нызам ҳүжжетлерин орынламағаны ушын лаўазымлы адамлардың жуўапкерлиги шәртлерин белгилеп қойыў зәрүрлигин билдиреди.

# III-Бап. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары сайлаўларын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары.

## 3.1. Жаңа редакциядағы Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында” ғы нызамды раўажландырыўдағы жаңа басқыш

Өзбекстан Республикасы Президенти “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаў ҳаққында” нызам жойбарының басламасы. Яғный Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянатында: пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаў системасын және жетилистириў мәселесин қойып, бунда ең мүнәсип талабанлар сайланыўы мәселесине айрықша итибарды қаратты[1]. Пуқаралар жыйынының ўәкилликлерин басқышпа-басқыш кеңейтирилмекте, басқарыў системасындағы орны ҳәм роли күшейтирилмекте.

Елимизде демократиялық реформалар нәтийжесинде пуқаралық жәмийетке қарай избе излик пенен раўажланып бармақта. Пуқаралардың сиясий санасы ҳәм басқарыў тараўындағы белсендилиги асып бармақта. “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўы ҳаққында”ғы (жаңа редакцияда) нызамы 2013 жыл 5 июльде қабыл етилди[2]. Бул нызамның қабыл етилиўи менен пуқаралар жыйыны (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў барысындағы пуқаралардың

---

[1] И.А.Каримов «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисиндеги баянаты.

[2] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 164-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

ҳуқықларын толық тәмийинлеўге қаратылған тийисли ҳуқықый кепилликлерди жәнеде кеңейтирилди ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 30-статьясында беккемленген "Қарақалпақстан Республикасының пуқаралары жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда тиккелей ҳәм өзлериниң ўәкиллери арқалы қатнасыў ҳуқықына ийе. Бундай қатнасыў өзин-өзи басқарыў, референдумлар өткериў ҳәм мәмлекетлик уйымларды демократиялық тәртипте шөлкемлестириў, сондай-ақ мәмлекетлик уйымлардың хызмети үстинен жәмийетлик қадағалаўды раўажландырыў ҳәм шөлкемлестириў жолы менен әмелге асырады"[1] деген жағдайларды әмелге асырыўдан ибарат.

Жаңа редакциядағы усы нызамға төмендеги зәрүр болған жаңалықлар киритилди.

**Бириншиси**, сайлаўдың тийкарғы принциплери системасына альтернативлик сайлаў принципи киритилди (4-статья)**.** Альтернативлик – бул пуқараларды сайлаў процессинде ҳуқықларды толық әмелге асырылыўын тәмийинлеўге қаратылған тийкарғы талапларынан бири. Бул дегенимиз, бир ғана талабан емес, ал көрсетилген бир неше талабанлар арасынан ең мүнәсип талабанды сайлаў мәнисин билдиреди. Усы принцип бул нызамға биринши мәрте киритилди ҳәм нызамның 6-статьясында өз көринисин тапты.

**Екиншиси,** сайлаўларды өткизиў мүддетлерин белгилеўши субъект анықланды (10-статья). Әмелиятта аймақлық ўәкиллик уйымы сыпатында усы ўәкилликлер Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты Кеңеси тәрепинен әмелге асырылып келинген. Усы әмелият унамлы деп табылып жаңа редакцияда қабыл етилген нызамға киргизилди. Яғный, "Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўды өткериў мүддетлери сайлаў басланыўынан кеминде еки ай алдын

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: "Қарақалпақстан" 2014 жыл, 16 -Б

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты Кенгаши тәрепинен белгиленеди".

**Үшиншиси,** унамлы әмелияттан келип шығып Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының Кенгаши жанында дүзилетуғын сайлаўларды шөлкемлестириў және көмеклесиўши комиссиясының статусы ҳәм ўәкилликлери нызамға киргизилди (11-статья).

**Төртинши**, сайлаўларды шөлкемлестириў жәнеде өткизиўге көмеклесиўши комиссияларды дүзиў менен байланыслы еки зәрүр жаңалық киргизилди (12-статья). Биринши жаңалық, бул район ҳәм қала дәрежесинде дүзилетуғын комиссияларды ўәкиллик мүддети сайлаў дәўири менен шегараланбастан, ал бәлким гезектеги сайлаўлар жәрияланғанға шекем нызамлы болыўлығы белгиленген. Буннан мақсет – мүддетинен алдын ўәкиллиги тамам болған ақсақал ҳәм оның кеңесгөйлериниң босап қалған орынларға жаңа жаңа сайлаўларды өз ўақтында өткизилиўин тәмийинлеў. Екинши жаңалық, бул комиссиялар жумысында холисликни жәнеде күшейтириў мақсетинде, ендиликте "Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери лаўазымына талабанлар комиссияға ағза болған шахслар ямаса олардың жақын туўысқанлары арасынан көрсетилген болса, олар комиссия қурамынан шығарылады"[1]- деп нызамда анық белгиленбекте.

**Бесиншиси**, сайлаўларды шөлкемлестириў жәнеде өткизиў бойынша исши топарды дүзиўге тийисли үш жаңалық киргизилди. Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў ушын пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы) қарары менен исши топар дүзиледи. Гезектеги сайлаў жәрияланғаннан кейин исши топар өз жумысын тоқтатады. Сондай-ақ исши топарға ағза шахслар ямаса сайлаўдағы талабанлардың жақын

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 164-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

туўысқанлары арасынан көрсетилген болса, олар исши топар қурамынан шығарылады. Үшинши жаңалық, исши топар қурамына халық депутатлары тийисли районлық (қалалық) Кеңесинин депутатының киргизилиўи кереклиги ҳаққында жаңа норма киргизилди. Буннан мақсет – депутатларды сайлаўларға жәрдем көрсетиўгеде нызамлылықты тәмийинлеўге де қанастырыў.

**Алтыншысы,** исши топардың ўәкилликлери еки зәрүр болған ўәкиллик пенен толтырылмақта (15-статья). Бириншиси исши топар пуқаралардың ўәкиллери сайлаўы бойынша ҳәўлилер, турақ-жайлар, көшелер ҳәмде поселкалардығы , аўыллардағы мәкан-кеңеслер халқының улыўма жыйналысының қатнасыўшыларын дизимге алады ҳәмде пуқаралардың сайланған ўәкиллери ҳаққындағы мағлыўматларды көрсетип халықтың ўлыўма жыйналысы протоколын дүзеди; екиншиден, тийисли аймақта турақлы түрде жасайтуғын пуқаралардың пикирин пикирин есапқа алып, тийисли комиссияға усыныў ушын пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери лаўазымына талабанлар бойынша усынислар таярлайды[1]. Кеңесгөйлер ўазыйпасына талабанлар ендигиден былай баслық тәрепинен көрсетимеслиги кеңесгөйлерди баслыққа қарағанда ғәрезсиз болыўын тәмийинлейди ҳәм оған қарағанда өзиниң жәмийетлик қадағалаўды өткизиўге шараят жаратып береди. Бунық менен ең зәрүрлиги олар қатнасықларында бир бирин тыйып турыў механизими қалиплестирилди ҳәм өзин-өзи басқарыў системасына демократиялық принципи болған ҳәкимияттың бөлистириў принципи белгилери белгиленбекте. Ал бул болса баслықтың жумысында нызамлылықты тәмийинлеўге хызмет етеди, себеби ол сыртқы вертикал қадағалаў емес, ал бәлким горизонтал қадағалаў системасы.

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 164-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

**Жетиншиси,** пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ўазыйпасына талабанлар көрсетиў тәртиби (16-статья). Бул жерде, еки зәрүр жаңалық киритилмекте. Биринши жаңалық – пуқаралық жыйыны баслығы (ақсақалы) ўз талабанлығын көрсетилиўине разылығы ҳаққындағы арзасы алыныўы талап етилмекте. Мине көринип турыпты сайлаўлардың еркинлиги тәмийнлегенлиги ҳәм ҳәр қыйлы нызамсыз ҳәрекетлердиң алды алынады, сондай-ақ талабанды көрсетиўде жуўапкершилик аырылды. Екинши жаңалық – исши топар район ҳәм қала ҳәкиминиң жуўмағын алғаннан кейин пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) лаўазымына келисилген талабанлар ҳаққында мағлыйматты сайлаўдан кеминде бес күн алдын пуқаралар жыйыны имаратына ҳәм гузарларға илдирип қояды. Усы киргизиген жаңа норма үлкен әҳмийетке ийе, себеби ол даўыс бериў сыпатына тиккелей тәсир етеди. Бул дегени, сайлаўлар пуқаралар ўәкиллери арқалы өткерилетуғынлығы ушын, талабанлар ҳаққында мағлыўматқа алдыннан ийе болыўы ўәкиллерди өзлери қайсы талабанға даўыс бериў ҳаққында пикирлеп алады, сондай-ақ ең әҳмийетлиси халық пенен мәсләҳәтлесип алыўғада имканият болады. Бундай шаралар ең мүнәсип талабанды сайлаўға тиккелей унамлы тәсирин көрсетеди.

**Сегизиншиси,** пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ўазыйпасына талабанларға қойылатуғын талаплар күшейтирилди ҳәм талабан етип көрсетилиўине қосымша шеклеўлер киргизилди (17-статья). Бул жерде үш жаңа талаплар киритилди. Яғный, талабан, биринoccиден, Өзбекистан Республикасы пуқарасы болыўы керек, екиншиден, сайлаўға шекем кеминде бес жыл тийисли пуқаралар жыйыны аймағында турақлы жасап турған болыўы керек, үшиншиден, жумыс тәжрийбесине ийе болыўы керек[1]. Соның менен бирге талабан етип көрсетилиўи мүмкин болмаған шахслар қурамы кеңейтирилди, яғный оған аўыр ҳәм өте аўыр

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 164-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

жынаятларды ислегенлиги ушын судланғанлық жағдай тамам болмаған ямаса судланғанлығы алып тасланбаған, әскерий хызметтеги шахслар, диний шөлкемлердиң профессионал хызметкерлири киргизилди..

**Тоғызыншысы,** пуқаралар жыйыны (ўәкиллер жыйналысы)ның өткерилиўи тәртиби белгиленбекте (21-статья). Бул жерде бир қатар демократиялық нормалар орнатылмақта. Яғный, ендиликте пуқаралар жыйыны (ўәкиллер жыйналысы) ғәрезсиз сайлаў уйымы болған исши топар баслығы басшылығында өткериледи. Жыйында ҳәр бир талабанға сөзге шығыўлары кепилленбекте, ҳәм сондай-ақ ҳәр бир талабанға келешектеги өз жумысының дәстүрин жәриялаў талабы қойылмақта. Нызамға киргизилген усы жаңа нормалар сайлаўларды мазмунлы өтиўине ҳәм мүнәсип талабанды сайлаўға кепилликлер береди.

**Оныншысы**, даўыс бериў тәртибиниң ҳуқықый тийкарлары белгиленди (21-статья). Бул жерде жаңа демократиялық қағыйдалар орнатылмақта, яғный “пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) лаўазымына талабанлардың баянаты әлипбе тәрибинде өткерилип, талабанлар өзлериниң келешектеги жумысының бағдарламасын жәриялайды”[1] делинген.

Айрықша итибар даўыс бериўди шөлкемлестириўге қаратылған. Бунда бюллетенлердиң үлгилери ҳәм формасы Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының Кенгаши тәрепинен белгилениўи, даўыс бериў оларды толтырыў тәртиби сыяқлы нормалар киргизилди. Бул өз гезегинде жасырын даўыс бериў процессинде сайлаўшылардың ҳуқықларын жәнеде тәмийинлеў ушын кепилликлердиң бериливи болып есапланады.

**Он биринши**, пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўы нәтийжелери тийкарында пуқаралар жыйыны уйымларын өз ўақтында қәлиплестириў шаралары нәзерде тутылған (32-

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 164-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

статья). Яғный. “Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўдың нәтийжелери бойынша пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы) бир ай ишинде пуқаралар жыйыны кеңесин дүзеди... - деген норма жаңадан белгиленген.

Жоқарыдағы қабыл етилген нызам тийкарында сол нызамға муўапық 2013 жыл ноябрь–декабрь айларында елимизде пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олар кеңесгөйлериниң ўәкиллик мүддети тамаланыўына байланыслы, пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олардың кеңесгөйлерине сайлаў өкерилди.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенати Кенгашиның 2013 жыл 12 сентябрде қабыл етилген «Пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олардың кеңесгөйлери сайлаўына таярлық көриў және оны өткериў ҳаққында»ғы КҚ-90–II-санли Қарары менен сайлаўды өткериў мүддетлери белгиленди.

Жаңа редакцияда қабыл етилген “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўы ҳаққында”ғы (жаңа редакцияда) нызамы сайлаў системасын жәнеде демократияластырыў арқалы пуқаралардың сайлаў ҳуқықларын тәмийинлеўге имканиятларды бермекте, соның менен бирге сайлаўлардың сапалы өтиўине ҳәм олардың нәтийжеси сыпатында пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери ең мүнәсип сайлап алыўға хызмет етеди деген жуўмақ шығарыўымыз мүмкин.

Соны анық айтыў керек, мәҳәлле институты күшли болып жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады. Мәҳәлледиң белсендилигин көтериўде бирден-бир зәрүр механизимлерден бири бул нызам шығарыўшы ҳәкимятқа мәҳәлле өзиниң талабанын усынса мақсетке муўапық болар еди. Өзбекстан Республикасы халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслерине талабанларды тек ғана сиясий партиялар ғана корстип қоймастан, ал пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары

тәрепинен де көрсетиледи. Қарақалпақстан Республикасы «Халық депутатлары район ҳәм қала кеңеслерине сайлаў ҳаққында»ғы нызамның 22-статьясында бул ҳаққында баян етилген.

Мине усындай норманы «Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине сайлаўлар өткериў ҳаққында» ғы ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесине сайлаўлар ҳаққында» ғы Нызамға да кирсилсе мақсетке муўапық болар еди. Себи соның нәтийжесинде нызам шығарыўшы уйымның депутатлары менен жергиликли кеңес депутатлары биргеликте өзиниң аймағында депутатлық топар дүзип пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўде өзиниң актив белсендилигин көрсетеди.

## 3.2.Өзбекистан Республикаси пуқараларының пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўда қатнасыў ҳуқықы

Сайлаўлар — бул мәмлекетимизде әмелде болған ҳуқықый нормалардың қаншелли демократиялық руўхта екенлигин көрсететуғын, демократиялық ҳуқықый мәмлекеттиң ажыралмас белгиси, халықтың өз ерк-ықрарын еркин билдириўиниң, пуқаралардың мәмлекет ҳәм жәмийет басқарыўындағы қатнасыўының тийкарғы формасы болып, оғада әҳмийетли ҳәм шешиўши күшке ийе мәселе болып табылады.[1]

Қарақалпақстан Республикасы "Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында"ғы нызамның 3-статьясында пуқаралардың усы сайлаўда қатнасыў ҳуқықының тийкарлары берилген. Оған муўапық: Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўда Қарақалпақстан республикасы пуқараларының қатнасыўы ықтыярлы ҳәм еркин болып табылады. Пуқараларға оларды сайлаўға қатнасыўға ямаса қатнаспаўға мәжбүр етиў

---

[1] И.А.Каримов. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы. Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының 2010-жыл 12-ноябрьдеги қоспа мәжилисиндеги баянаты // Халқ сўзи, 2010-жыл 13-ноябрь

мақсетинде, сондай-ақ олардың өз ерк-ықрарынеркин билдириўине тәсир көрсетиўге ҳеш ким ҳақлы емес.

Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳуқықына сайлаў күни он сегиз жасқа шыққан ҳәм поселка, аўыл, сондай-ақ қаладағы, поселкадағы, аўылдағы мәкан-кеңес аймағындағы турақлы түрде жасаўшы пуқаралар ийе.

Суд тәрепинен қатнасыққа уқыпсыз деп табылған пуқаралардың пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўда қатнасыўы мүмкин емес.

Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўда пуқаралардың қатнасыў ҳуқықларын қандай да бир тәризде тиккелей ямаса жанапай түрде шеклеў қадаған етиледи[1] – деп белгиленген.

Мине усы нызам нормасында көрсетилгениндей пуқаралардың сайлаў процессинде қатнасыўының ықтыярыйлық принципи сайлаўда қатнасыўға, яки керисинше қатнаспаўға мәжбүр етиў мақсетинде оларға тәсир көрсетиўге ҳеш қандай жол қоймаслықтан ибарат. Сайлаўда қатнасыўдағы ықтыярыйлық даўыс бериў мақул яки мақул емеслиги ҳаққындағы мәселени сайлаўшының өзине шешиў ҳуқықы бериледи.

Сайлаў ҳуқықы еркинлиги принципи еки формада мәлим болады. Бул формалардың биринциси – сайлаўды шөлкемлестириў ҳәм өткериўде пуқараларға оның сайлаўда қатнасыў яки қатнаспаўы мақсетинде қандайда бир тәсир көрсетиў қадаған етиледи. Екиншиси – бул пуқараға қарата ҳәр қандай тәсир көрсетиўди қадағалаў арқалы оның ерк-ықрарын билдириўге тәсир көрсетиўге жол қоймаў.

Еркин сайлаў ҳуқықы ҳәм сайлаўда қатнасыўдағы еркинликти тәмийинлеўши бир қатар жағдайлар нызамның бир қанша статьяларында беккемленген, сондай-ақ жынаят ҳуқықы нормалары менен кепилленген.

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 164-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

Сайлаўларды өткериўде нызам талапларын бузғанлығы ушын Өзбекистан Республикасы Жынаят Кодексинде ҳәм Өзбекистан Республикасы ҳәкимшилик жуўапкершилиги ҳаққындағы кодекслеринде жуўапкершилик көрсетилген.

Өзбекистан Республикасы Жынаят кодексиниң 146-статьясында, сайлаў яки референдум шөлкемлестириў, оларды өткериў ўақтында лаўазымлы шахслар, сиясий партиялар яки пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ўәкиллери, инталы топарлар яки сайлаў ямаса референдум комиссиялары ағзалары тәрепинен даўыс бериўдиң жасырынлығын бузыў, сайлаў яки референдум ҳүжжетлерин қәлбекилестириў, сайлаў яки имза қағазларына қәлбеки жазыўлар киритиў, берилген даўысларды биле тура надурыс есаплаў ҳәрекети ушын жуўапкершилик көрсетилген.

Еркин сайлаўлар Өзбекистан Республикасы Конституциясының бир қатар статьяларында шахс еркинлиги принципиниң мазмун ҳәм мәниси өз көринисин ҳәм тапқан. Мине ҳәзир усы жерде Тийкарғы Нызамда бул ҳаққындағы көрсетилген нормаларға тоқтап өтсек, яғный Конституциясының 13-статьясына муўапық: “Өзбекстан Республикасында демократия улыўма инсаныйлық принциплерине тийкарланады, буларға муўапық инсан, оның турмысы, еркинлиги, ар-намысы ҳәм басқа ажыралмас ҳуқықлары ең жоқары байлық болып табылады”[1]; Конституцияның 19-статьясына муўапық: “Өзбекстан Республикасының пуқарасы ҳәм мәмлекет өз-ара ҳуқықлар менен ҳәм өз-ара жуўапкершилик пенен байланысады. Конституцияда ҳәм нызамларда бекитилген пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине қол қатылмайды ҳәм судтың шешимисиз булардан айырыўға ямаса шеклеўге хеш кимниң ҳақысы жоқ”[2]; Конституцияның 29-статьясына муўапық: “Ҳәр бир инсан

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси, Т.: “Ўзбекистон”, 2014-йил, 6-б.
[2] Сол жерде 9-б.

ой-пикир, сөз ҳәм исеним еркинлигине ийе. Ҳәр бир инсан ҳәзирги конституциялық дүзимге қарсы бағдарланған ҳәм нызамда белгиленген басқа шеклеўлерден тысқары ҳәр қандай мәлимлемени излестириўге, алыўға ҳәм таратыўға ҳақылы”[1]; ал Конституцияның 44-статьясына муўапық: “Ҳәр бир инсанға өзиниң ҳуқықлары менен еркинликлерин суд арқалы қорғаў, мәмлекетлик уйымлардың, лаўазымлы шахслардың, жәмийетлик бирлеспелердиң нызамсыз ҳәрекетлери жөнинде судқа шағым етиў ҳуқықы кепиллестириледи”[2]- делинген. Булардың ҳәммеси даўыс бериў ўақтында еркин ерк-ықрарын билириўге байланыслы.

Өзбекистан Республикасының он сегиз жасқа толған пуқаралары сайлаўда қатнасыў ҳуқықына ийе болады. Усы жастан баслап пуқара толық қатнасық уқыплығына ийе болады ҳәм миннетлемлерди орынлайды. Пуқаралар он сегиз жастан баслап пуқаралар жыйынының уйымларына сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықына ийе. Бул жерде, яғный сайланыўда да пуқараның жасына тийисли басқа шеклеўлер қойылмаған.

Пуқаралар тек ғана өзлери турақлы жасап турған пуқаралар жыйыны аймағында сайлаўда қатнасыў ҳуқықына ийе болады. Бул көрсетилген нормаға муўапық сол пуқаралар жыйыны аймағында турақлы жасайтуғынлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет болыўы керек (паспорт ҳ.т.б.).

Суд тәрепинен қатнасыққа уқыпсыз деп табылған пуқаралар сайлаўда қатнаспайды. Қатнасыққа уқыпсыз дегенде, Өзбекистан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 30-статьясына муўапық: руўхый кеселлиги яки ақылы зайыплығы ақибетинде өз ҳәрекетлериниң әҳмийетин түсине алмайтуғын яки оларды басқара алмайтуғын пуқара түсиниледи. Бунда суд нызам ҳүжжетлеринде белгилеп қойылған тәртипте қатнасққа уқыпсыз деп табыўы мүмкин ҳәм бундай пуқараға қәўендерлик белгиленеди. Бунда

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси, Т.: “Ўзбекистон”, 2014-йил, 12-б.
[2] Сол жерде 16-б.

қәўендер қатнасыққа уқыпсыз деп табылған пуқара атынан сайлаўда қатнасыў ҳуқықына ийе емес.

Пуқараның қатнасыққа уқыпсыз деп табылған себеп болған тийкарлар бийкар болса, суд оны қатнасыққа уқыпл ы деп табады ҳәм пуқара сайлаўда қатнасыўға ҳуқықлы болады.

Пуқаралардың сайлаўда қатнасыў ҳуқықларын қандайда бир тәризде тиккелей ямаса жанапай түрде шекшеўдиң мәниси соннан ибарат, шеклеялер тек ғана суд нызамшылығында белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте орнатылыўы мүмкин. Мысалы сайлаўды шөлкемлестириў ҳәм өткериўге көмеклесиўши комиссиялар қурамына (12-статья), исши топар қурамына (14-статья), пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) лаўазымына талабан етип көрсетилиўинде (17-статья) ҳәм басқа жағдайларда сайлаў қатнасыўшыларына қарата тийисли шеклеўлер (талаплар) қойылған..

Басқа жағдайларда пуқаралардың сайлаўда қатнасыў ҳуқықын ҳәр қандай шеклеў нызамсыз деп тән алынады.

Сайлаў ҳуқықларын тиккелей шеклеў – бул пуқаралардың өз нызамлы ҳуқықларын әмелге асырыўға туўрыдан-туўры тосықлық етилиўине айтылады.

Сайлаў ҳуқықыларын жанапай шеклеў – бул пуқаралардың өз нызамлы ҳуқықларын әмелге асырыўында нызам асты ҳүжжетлери арқалы яки сайлаўды сапасыз шөлкемлестириў ақибетинде имканиятлары шеклениўине айтылады.

Пуқаралардың сайлаў ҳуқықларын нызамсыз шекленген жағдайда сайлаўда нызамлылықты тәмийинлеўге жуўапкер болған орган тәрепинен пуқаралардың ҳуқықлары өз ўақтында тиклениўи лазым. Пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олардың кеңесгөйлерине сайлаў өткериўди шөлкемлестириўге ҳәм өткериўге көмеклесиўши комиссиялар мине усындай уйым болып есапланады. Соннан, пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олардың кеңесгөйлерин

сайлаўды  нызамшылыққа муўапық рәўиште шөлкемлестириў ҳәм өткериў (11,13-статьялар), сондай-ақ пуқаралардың сайлаўға тийисли мүрәжатларын өз ўақтында көрип шығыў усы комиссиялардың ўәкилликлеринен бириншиси етип белгиленген. Сырт ел мәмлекетлери пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар сайлаўда қатнасыў ҳуқықына ийе емес.

Усы бапта пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерине сайлаў өткериў ҳәм оны шөлкемлестириў тәртиби мәселелери изертленди. Соның тийкарында бул бап бойынша төмендегилерди усыныс етемиз:

1.Өзбекстан Республикасы халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслерине талабанларды тек ғана сиясий партиялар ғана көрсетип қоймастан, ал пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен де көрсетиледи. Бул нызам менен тастыйықланған. Мине усындай норманы «Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине сайлаўлар өткериў ҳаққында» ғы ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесине сайлаўлар ҳаққында» ғы Нызамға да киртилсе мақсетке муўапық болар еди. Себеби соның нәтийжесинде нызам шығарыўшы уйымның депутатлары менен жергиликли кеңес депутатлары биргеликте өзиниң аймағында депутатлық топар дүзип пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўде өзиниң актив белсендилигин көрсетеди.

2. Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда)ғы нызамларына түсиндирмелерди баспадан шығарыўды таярлаў.

3.Пуқаралар жыйыны кеңесгөйлерине сайлаўды өткериўде де оларға альтернативлик принцип талапларын орнатыў лазым.

4. Пуқаралар жыйынына өткизилетуғын сайлаўлардың даўамыйлығын тәмийинлеў ҳәм айрым сайлаў ҳәрекетлерин

саддаластырыў мақсетинде пуқаралар жыйыны (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўына тийисли мүддетти 3 жыл етип белгилениўи мақсеткее муўапық болады.

# Жуўмақлаў

Пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары мәмлекеттиң халықты социаллық жақтан қоллап-куўатлаўға қаратылған ўазыйпаларды шешиўдеги роли ҳаққында сөз еткенде ең алды менен Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың "Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш" мийнетинде:[1] «"Ғәрезсизлик жылларында мәҳәлле турмысы менен байланыслы көплеген қәдириятлар, салт-дәстүрлер қайта тикленип, заман талаплары тийкарында байып бармақта. Усының менен бирге, мәҳәлленин ҳуқық ҳәм ўәкилликлери кеңейтирилмекте, олар бүгин өзин-өзи басқарыў мәкемеси, ҳақыйқый демократия мектеби сыпатында кең көлемли жумыс алып бармақта. Мәҳәлле басқарыўына бундай үлкен итибар бүгин мәмлекетимизде алып барылып атырған сиясаттың халықшыллығынан дерек береди. Соның менен бирге ол елимизде әмелге асырылып атырған "Күшли мәмлекеттен – күшли жәмийетке қарай" деген принциптиң әмелий көриниси" -деп өз пикирлерин билдирген еди.

Мәмлекетимизде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметин шөлкемлестириў мәселелерин изертлеў ҳәмде изертлеў алдына қойылған ўазыйпаларды шешиў нәтийжелери, өз нәўбетинде, төмендеги жуўмақларға келиўге ҳәм бул тараўдағы хызметлерин тәртипке салыўға қаратылған тийисли нызамшылықларды ҳәм механизмлерди жетилистириў жүзесинен бир қатар әмелий усынıслар ислеп шығыўға тийкар болды:

1. Қарақалпақстан Республикасы "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"ғы нызамның 19-статьясында пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымларының ҳәм олар лаўазымлы шахсларының қарарлары тийисли аймақта жасаўшы пуқаралар, сондай-ақ қалаша, қышлақ, аўыл ҳәм мәҳәлле аймағында жайласқан юридикалық шахслар (олардың лаўазымлы шахслары) тәрепинен орынланыўы шәртлиги ҳәм олардың қарарларын орынламаў яки лазым дәрежеде орынламаў нызамға муўапық

[1] И.А.Каримовтың "Жоқары мәнаўият –жеңилмес күш". Т. "Маънавият", 2008 йил 58-59 б.

жуўапкершиликке себеп болыўы беккемленген. Бирақ, нызам ҳүжжетлеринде олардың қарарларын орынламаў ушын дәл қандай жуўапкершилик мәселелери нәзерде тутылғанлығы бойынша нормалар беккемленбеген. Бул болса, өз нәўбетинде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары аймақлық мәпин толық қорғаў ушын тосық болып атырғанлығы себепли, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары ҳәмде мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери тәрепинен усы мәселе үйренип шығылыўы ҳәм талықланыўын мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

2. Кеңесгөйлердиң белгиленген ўазыйпаларының толық орынланыўына ерисиў, сондай-ақ ҳәр шеректе өзиниң жумысы бойынша пуқаралар жыйынында есабат бериў ўазыйпаларын орынлаў және әмелге асырылған жумыслары ҳәм кемшиликлер бойынша шараларын белгилеў;

3.Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызамның 11-статьясында коммуналлық төлемлерди өндирилиўин тәмийинлеў, ыссылық ҳәм электр энергиясынан, ыссы ҳәм суўық суўдан үнемли пайдаланыў бойынша илажалар өткериўде, тийисли аймақта абаданластырыў ҳәм көгалландырыў, турақ-жайлар ҳәм ҳәўлилерди үлгили сақлаўға тийисли жумысларды ықтыярлы рәўиште шөлкемлестириўде шәртнама тийкарында көмеклеседи делинген. Бирақ әмелиятта шартнамалар жоқтың алдында, сол себепли усы норманы ислетиўдиң жетилистириў керек.

4. Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызамның 26-статьясының пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына коммуналлық хызметлер, салықлар ҳәм басқа да мәжбүрий төлемлерди төлеўде нызамшылықта белгиленген тәртипте жеңилликлер ҳәм преференциялардан пайдаланылады делинген. Мине усы

норманы әмелге асырыўда оның механизимин ислеп шығылса мақсетке муўапық болар еди.

5. «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Нызамның 11-статьясына муўапық ҳәр шеректе пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) комиссиялардың есабатын тыңлайды деген ўәкиллиги көрсетилген. Бирақ тилекке қарсы бул есабатлар тек қағаз бетинде көрсетилмекте, сол себепли усы нормаға тийисли олардың есабат бериўде жуўапкершилигин белгилейтуғын нызам асты акты қабыл етилиўи лазым.

6. Комиссия ағзалығына сайланатуғын талабанларға қойылатуғын талаплар, соның менен биргеликте усы комиссия ағзаларына мийнет нызамшылығы бойынша төленетуғын мийнет ҳақысы да абстракт формада қалған, сол ҳуқықый бослықты толтырыў әҳмийетли мәселедур.

7. Аймақтағы шаңарақлардың жағдайын үйрениў ҳәм мониторинг алып барыў, анықланған мәселелер шешимин табыўдың шараларын көриўде жәнe шаңарақтағы келиспеўшиликлерди сапластырыўда мәкандағы белсендилерди үлгили шаңарақлар ағзаларын комиссия қурамына киргизиў;

8.Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары тәрепинен нызам ҳүжжетлериниң орынланыўы үстинен жәмийетлик институтларының қадағалаўын әмелге асырыўдың системалы жәнe нәтийжели ҳуқықый механизмин жаратыўға қаратылған “Жәмийетлик қадағалаў ҳаққында”ғы Нызамды қабыл етиў керек. Ода жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўдың ҳуқықый механизмлерин, сондай-ақ, бул салада әмелдеги нызам ҳүжжетлерин орынламағаны ушын лаўазымлы адамлардың жуўапкерлиги шәртлерин белгилеп қойыў зәрүрлигин билдиреди.

9.Өзбекстан Республикасы халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслерине талабанларды тек ғана сиясий партиялар ғана көрсетип қоймастан, ал пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары

тәрепинен де көрсетиледи. Қарақалпақстан Республикасы «Халық депутатлары район ҳәм қала кеңеслерине сайлаў ҳаққында»ғы нызамның 22-статьясында бул ҳаққында баян етилген. Мине усындай норманы «Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине сайлаўлар өткериў ҳаққында» ғы ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесине сайлаўлар ҳаққында» ғы Нызамға да киртилсе мақсетке муўапық болар еди. Себеби соның нәтийжесинде нызам шығарыўшы уйымның депутатлары менен жергиликли кеңес депутатлары биргеликте өзиниң аймағында депутатлық топар дүзип пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўде өзиниң актив белсендилигин көрсетеди.

10. Пуқаралар жыйыны кеңесгөйлерине сайлаўды өткериўде де оларға альтернативлик принцип талапларын орнатыў лазым.

11.Әмелиятта, яғный тәжрийбелерден келип шығып, пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерине сайлаўды өткериўде пуқаралардың ўәкиллик институты ҳәм оны турмыста енгизиў механизми нызамшылық шеңберинде жетилистириўге мүтаж институтлардан бири болып есапланады. Сол себепли усы институтты шөлкемлестириў процессин анықластырыў ҳәм оның хызметин анық көрсетилген ўәкилликлер менен тәмийинлеў талап етиледи;

12.”Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында”ғы нызамның 17-статьясын төмендеги нормалар менен толтырыў керек деп есаплаймыз “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери ўазыйпасына сайлаў күнине шекем тийисли аймақта турақлы 5-жыл жасаған, 45 жасқа толған Өзбекистан Республикасы пуқаралары талабанлыққа усыныс етилиўи керек".

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими

### Басшы әдебиятлар:

1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. 1. – Т.: Ўзбекистон, 1996.

2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2. – Т.: Ўзбекистон, 1996.

3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т. 3. – Т.: Ўзбекистон, 1996.

4. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Т. 4. – Т.: Ўзбекистон, 1996.

5. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т. 5. – Т.: Ўзбекистон, 1997.

6. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. Т. 8. – Т.: Ўзбекистон, 2000.

7. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. 10. – Т.: Ўзбекистон, 2002.

8. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. – Т.: Ўзбекистон, 2003.

9. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т.: Ўзбекистон, 2005.

10. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: «Ўзбекистон», 2009.

11. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамиятини барпо этиш - устувор мақсадимиз. Президент Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси. “Халқ сўзи” газетаси, 28 январь 2010. №19.

12. Каримов И.А. Асосий вазифамиз-ватанимиз тараққиёти ва ҳалқимиз фаровонлиги янада юксалтиришдир. Президент И.А.Каримовнинг Вазирлар Маҳкамасининг 2010 йил 29-январь куни булиб утган мажлисидаги маърузаси. . “Халқ сўзи” газетаси, 30 январь 2010. №20.

13. Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты. “Халқ сўзи” газетаси, 14-ноябрь 2010.

14. Каримов И.А. 2014 йил юқори ўсиш суръатлари билан ривожланиш, барча мавжуд имкониятларни сафарбар этиш, ўзини оқлаган ислоҳотлар стратегиясини изчил давом эттириш йили бўлади. Т.: Ўзбекистон” – 2014 йил.

15. Каримов И.А. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажилисидаги маъруза. Т.: “Ўзбекистон”- 2015 йил.

## 2. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер:

1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. -Т.: “Ўзбекистон” - 2014 йил.

2. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы. Н.: “Қарақалпақстан”- 2014.

3. «Маҳаллий давлат ҳокимияти тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикасининг 1993 йил 2 сентябр қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1993 йил, 9-сон, 321- модда.

4. «Фуқароларнинг ўзини-ўзи бошқариш органлари тўғрисида» Ўзбекистон Республикасининг 2013 18 апрель қонуни (янги таҳрирда).- Халқ сўзи 22 апрель.

5. Ўзбекистон Республикаси “Фуқаролар йиғини раиси (оқсоқоли) ва унинг маслаҳатчилари сайлови тўғрисида”ги 2013 йил 22 апрелда қабул қилинган ЎРҚ-351-сонли Қонуни.

6. Ўзбекистон Республикаси “Жамоат бирлашмалари тўғрисида”ги Қонуни. Ўзбекитсон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997 йил, -№2, 36-модда.

7. Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы Нызамы. 05.07.2013 ж.

8. Қарақалпақстан Республикасы “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында”ғы Нызамы. 05.07.2013

9. «Халқ депутатлари вилоят, туман ва шаҳар Кенгашларига сайлов тўғрисида» Ўзбекистон Республикасининг 2003 йил 29 август қонуни (янги таҳрирда). Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 2003 йил 9-10-сон, 134-модда.

10. Нодавлат нотижорат ташкилотлари фаолиятини тартибга солувчи норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар тўплами.-Т.: 2008.

11. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 07.12.2004 й. ПФ-3521-сон "Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органларида диний маърифат ва маънавий-ахлоқий тарбия масалалари бўйича маслаҳатчи лавозимларида ишловчи аёлларни ижтимоий муҳофаза қилишни кучайтириш борасидаги қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида"ги Фармони;

12. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари ходимлари меҳнатини рағбатлантиришга оид қўшимча чора тадбирлар тўғрисидаги Фармон (09.07.2012. ПФ-4451)

13. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 10.10.2013 й. ПҚ-2050-сон "Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари ходимларининг малакасини ошириш бўйича ўқув курсларини ташкил этиш тўғрисида"ги Қарори;

14. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Болали оилаларни давлат томонидан кўллаб-қувватлашни янада кучайтириш тўғрисида”ги 1996 йил 10 декабрдаги ПФ-1657 сонли Фармони
15. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Аҳолини аниқ йўналтирилган ижтимоий мадад билан таъминлашда фуқароларнинг ўзини-ўзи бошқариш органлари ролини ошириш тўғрисида”ги 1999 йил 13 январдаги ПФ-2177 сонли Фармони
16. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Аҳолининг ижтимоий ҳимояга муҳтож қатламларини аниқ йўналтирилган тарзда қўллаб-қувватлашни кучайтириш тўғрисида”ги 2002 йил 25 январдаги ПФ-3017 сонли Фармони
17. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш ва коммунал хизмат кўрсатиш корхоналарини қўллаб-қувватлаш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 2005 йил 23 сентябрдаги ПФ-3662 сонли Фармони
18. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенати Кенгашининг 30.12.2010 й. 149-II-сон "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенатининг фуқаролик жамияти институтлари, жумладан фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари билан ўзаро ҳамкорлиги механизмини янада такомиллаштириш юзасидан Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенатининг 2011 йил ва кейинги йилларга мўлжалланган Комплекс ҳаракат дастурини тасдиқлаш тўғрисида"ги Қарори;
19. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын жəне де жетилистириў илажлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары, 330-статья. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы. №8, 2013-жыл, июль-декабрь.

20. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари ходимларининг малакасини оширишнинг ташкилий тузилмаси ва тизими тўғрисида Низом (ЎзР ВМ 14.12.2013 й. 328-сон қарорига 1-илова);

21. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятини мувофиқлаштириш бўйича республика кенгаши тўғрисида Низом (ЎзР ВМ 30.09.2013 й. 267-сон қарорига 2-илова);

22. Вазирлар Маҳкамасининг "Болаликдан ногиронларга, қарияларга ва меҳнатга лаёқатсиз фуқароларга нафақалар тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида"ги 1994 йил 24 июндаги 319-сон қарори

23. Вазирлар Маҳкамасининг "Ижтимоий ҳимояга муҳтож шахсларни ишга жойлаштириш учун иш жойларининг энг кам миқдорини белгилаш тартиби тўғрисидаги Низомни ва Аҳолини иш билан таъминлаш тўғрисидаги қонун ҳужжатларини бузганлик учун жарима солиш тартиби тўғрисидаги Низомни тасдиқлаш ҳақида"ги 1998 йил 1 декабрдаги 504-сон қарори

24. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг "Ўзгалар парваришига муҳтож ёлғиз кексалар, пенсионерлар ва ногиронларга ижтимоий ёрдам кўрсатишни кучайтириш тўғрисида"ги 2002 йил 29 мартдаги 106-сон қарори

25. Ўзбекистон Республикаси Меҳнат ва аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш вазирининг 2002 йил 1 апрелдаги 21-сон буйруғи билан тасдиқланган "Давлат ижтимоий суғуртаси бўйича нафақалар тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида"ги Низом

26. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 07.10.2013 й. 274-сон "Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида"ги Қарори.

27. Ўзбекистон Республикаси Меҳнат ва аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш вазирлиги, Молия вазирлиги, Республика "Маҳалла" жамғармаси ва Халқ банкининг 2002 йил 8 февралдаги 11/501, 32, 16 ва 8-сон қарори

билан тасдиқланган "Ишламайдиган оналарга бола икки ёшга етгунга қадар уни парвариш қилганлиги учун ойлик нафақа тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида"ги Низом

28. Ўзбекистон Республикаси Меҳнат ва аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш вазирлиги, Молия вазирлигииинг 2002 йил 18 февралдаги 588, 35-сонли қарори билан тасдиқланган "Ишлаётган оналарга болани икки ёшга тўлгунгача парвариш қилиш бўйича ҳар ойлик нафақа тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида"ги Низом

29. Ўзбекистон Республикаси Меҳнат ва аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш вазирлиги, Молия вазирлиги, Республика "Маҳалла" жамғармаси ва Халқ банкининг 2002 йил 8 февралдаги 11/501, 32, 16 ва 8-сон қарори билан тасдиқланган "Ишламайдиган оналарга бола икки ёшга етгунга қадар уни парвариш қилганлиги учун ойлик нафақа тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида"ги Низом

30. Ўзбекистон Республикаси Меҳнат ва аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш вазирлиги, Молия вазирлигииинг 2002 йил 18 февралдаги 588, 35-сонли қарори билан тасдиқланган "Ишлаётган оналарга болани икки ёшга тўлгунгача парвариш қилиш бўйича ҳар ойлик нафақа тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида"ги Низом

## Арнаўлы әдебиятлар

1. Абдураззақов С.Қ. Ўзбекистон Республикасининг маҳаллий ҳокимият вакиллик органлари тизимининг ижтимоий-иқтисодий ва ташкилий хукуқий асоси. -Т.: Адолат, 1995.

2. Азизхўжаев А.А. Ҳусанов О.Т. Азизов Х.Т. Ўзбекистон Республикаси Конституциявий ҳуқуқи. (изоҳли лўғат) .-Т.: "Ўзбекистон», 2001.

3. Азизхўжаев А.А. Давлатчилик ва маънавият. -Т.: «Шарқ», 1998.

4. Асадов Ш. Маҳаллий давлат ҳокимияти органлари. –Т. ТДЮИ, 2012 йил.
5. Аҳмедов Д.Қ., Маликова Г.Р. Организация деятельности органов самоуправления граждан. - Ташкент: ТГЮИ, 2005. - 393 с.
6. Аҳмедов А. Фуқаролар йиғинларининг раислари (оқсоқоллари) томонидан айрим фуқаролик ҳолати далолатномаларининг рўйхатга олиниши ва нотариал ҳаракатларини амалга оширилишининг ҳуқуқий асослари. -Т. “ASR MANBUOT ”, 2008 йил.
7. Вахабов А. Давлат ҳокимиятнинг махалий бошқарув ва ўз-ўзини бошқарув орғанлари. -Ўзбекистон Республикаси-мустақил давлат. -Т.: «Адолат». 1994.
8. Емельянов Н.А. Местное самоуправления в зарубежных странах. -М. 1998.
9. Жалилов Ш. Давлат ҳокимияти маҳаллий органлари ислоҳоти: тажриба ва муаммолар.-Т.: 1994.
10. Жалилов Ш. Маҳалла янгиланиш даврида.-Т.: «Меҳнат», 1995.
11. Жалилов Ш. Кучли давлатдан-кучли жамият сари.-Т.: «Ўзбекистон», 2001.
12. Жалилов Ш.Ўзбекистон Республикасининг ўзини ўзи бошқариш ҳуқуқи. “VORIS-NASHRIYOT”.-Т.: 2007.
13. Ш.Жалилов Давлат ҳокимияти маҳаллий органлари ислоҳати, тажриба ва муаммолар. -Т.: Ўзбекистон. 1984.
14. Жалилов Ш. Маҳалла янгиланиш даврида. -Т.: Маҳалла. 1995.
15. Жалилов Ш. Ўзбекистон Республикаси ўзини ўзи бошқариш ҳуқуқи. «VORIS-NASHRIVOT» - 2007 йил
16. Исламов З. Роль и право и нормы общественных организаций в самоуправлении народа.-Т: 1986.
17. Исломов З. Давлат ва ҳуқуқ умумназарий масалалари. -Т.: «Адолат», 2000.

18. Кутыбаева Е.Д., З.А.Реймова. Қорақалпоғистон Республикасида фуқароларнинг узини узи бошқариш органларининг шаклланиши ва ривожланиши (Монография), -Н.: «Билим», 2005.

19. Кутыбаева Е.Д., Реймова З.А., Адилова М., Дауменов Б., Низаматдиноа Қ., Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийетлик қадағалаў системасында тутқан орны. –Н.: “Қарақалпақстан”, 2014 жыл.

20. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясына түсиндирме. –Н.: «Билим». 2015.

21. Маҳаллий давлат ҳокимияти органларининг ҳуқуқий асослари.- Т.: «Ўзбекистон» 2009.

22. Матмуратов Б.Ж., З.А.Реймова, Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўдың ҳуқықый тийкарларына байланыслы сораў-жуўаплар, Н.: «Қарақалпақстан», 2011-жыл.

23. Ниетуллаев С.Д., Чарыяров У. Пути демократизации государства. -Н.: Каракалпакстан. 1981.

24. Ниетуллаев С.Д. Қарақалпақстан Республикасының Конституциялық ҳуқықы. -Н.: «Билим». 1996.

25. Олламов Я., Саидова Х. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш ҳуқуқи: назария ва амалиёт масалалари. – Т.: ТДЮИ, 2006 йил.

26. Олламов Я. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш – халқ ҳокимиятчилигининг асоси. –Т.: “Шарқ”, 2011 йил.

27. Сиддиков Р.Р Представительные органы и непосредственная демократия в системе местного самоуправления.-Т.: Университет, 1993.

28. Ўзбекистон Республикасининг Конституциясига шарх.- Т.: «Ўзбекистон». 2008.

29. Хусанов О. Т. Ўзбекистон Республикаси давлат органлари. -Т.: Шарқ. 1996.

30. Хусанов О.Т. Конституциявий ҳуқуқ, Т.: «Адолат», 2013 йил.